Аруан щIымалъэм щагъэлъапIэ

2-нэ нап.

«ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ»

3-нэ нап.

Налшык къаша «Гущэр»

4-нэ нап.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и яп Президентым и щIыхьыIэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№124 (24.718) ● 2024 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 15, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

ХэкIуэдахэр ящыгъупщэркъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм фэеплъ зэхьыхьэхэр хуащIащ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Налшык щIэпхъаджащIэхэр къыщытеуам хэкIуэдахэм.

ИЛЪЭС 19 ипэ къэхуэ щIэпхъаджагъэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэм и щIыхькIэ, республикэм и цIыхухэм зауигъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек:

- ЩIэпхъаджагъэр зыкIи пхуэгъэзэхуэнукъым. Абы и лъэр щIэудыныр республикэм и цIыху дэтхэнэми дэлъытыжащ. Нобэ ди бгыр щIэткъуэзу щIэпхъаджагъэм дыпэщIэтын зэрыхуейр хьэкъщ. Ди Президент Путин Владимир псэкупсагъэмрэ щэнхабзэ-тхыдэ лъапIэныгъэхэмрэ тхъуэмэным икIи дгъэбыдэным теухуауэ къигъуэва къалэнхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ, - жиIащ ди Iэтащхьэм.

Фэеплъ пэкIухэр щекIуэкIащ республикэм и къалэхэмрэ щIынальэхэмрэ. Республикэм ягу къыщагъэкIыжащ 2005 гъэм къэхуэам хэкIуэдахэр. ЩIэпхъаджащIэхэр теуат хабзэхъумэ Іэхуэщ Іапі Іэхэм, военкоматым, федеральнэ структурэхэм, аэропортым.

Къулыкъым пэрыту зи псэ зытехэм я фэеплъым деж щекIуэкIа пэкIым хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и Унафэщ **Мусуков Алий**, къулыкъущIхэр, депутатхэр, хабзэхъумэ Iэнатlэм пэрытхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, волонтёрхэр, журналистхэр.

- Хахуагъэмрэ лIыхъужьыгъэмрэ зи щэным хэлъхэм я фIыгъэкIэ щIэпхъаджащIэхэм я Іэхуэ фIейр къагъэувыIэфащ. Хабзэхъумэ Іэнатlэхэм я лэжьакIуэ 35-м я псэр халъхьащ зэхэуэм. ЩIэпхъаджащIэ 96-м Іейм хуаIэта Іэщэхэр къыIэпуэдащ. Хабзэхъумэ органхэм республикэр щахъумащ зэрыхьзэрий иным, насыпынщагъэ щынагъуэм. Абы щыгъуэ Урысейм и Президент Путин Владимир хабзэхъумэ органхэр я къалэн гугъум нэсу зэрыпэлъэщар къыхихгъэщащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, иужьрей ильэсхэм щIэпхъаджащIэхэм яIэщIэкIуэдащ республикэм и цIыху мамыри, хабзэхъумэ Іэхуэщ Іапі Іэхэм я лэжьакIуи, диным и лэжьакIуи. Ауэ абыхэм яхуэзфIэкIакъым республикэм и къарур щIахьну, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, КъБР-м и министр **Къуэшырокъуэ Залым**.

Абы къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пажэхэр ноби Украинэм щекIуэкI дзэ Іуэху хэхам лIыгъэ яхэлъу зэрыщыIэр.

ЩыгъуэпэкIым я цIэ кIыщIраIуащ 2005 гъэм щIэпхъаджащIэхэм яукла хабзэхъумэ 35-м. Хэкlуэдахэм дакъикъэкIэ яхуэщыгъуэ нэужь, пэкIым хэтхэм фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я зэхэлъыкIэм и Іуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властыр къыщыізэгъэпэщыныкIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Іуэхукlэ» Федеральнэ законым и 20-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «а» пунктым япкъ иткIэ **унафэ сощI**:

1. ЗэхъуэкIын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связьымрэ цIыхубз зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэу, мы къалэнхэмрэ полномочиехэмрэ етауэ:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм иныгъа цIыхубз зэпыщIэныгъэхэмрэ хъыбарегъащIэ Іэнатlэхэмрэ (электронэри хьихьэу), печатым, къыдэзыгъэкI, полиграф Іуэхущафхэр, а Іэнатlэхэм къэрал мыпкъор щыізегъэкIуэныбмрэ къэрал Іуэхутхьэбзэхэр щыхуэщIэныбмрэ;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм иныгъа къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр, бжыгъэр зи лъабжьэ технологиехэр пхыгъэкIыныр, къэрал управленэмрэ къэрал Іуэхутхьэбзэхэр хуэщIэныбмкIэ къэрал политикэмрэ норматив-хабзэ зэхущытыкIэхэмрэ гъэзэщIэныр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я къызэгъэпэщыкIэр къэщтэн, мы Указым и гуэдзэным зэрытым хуэдэу.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым къуэдзэу пIлы, абыхэм ящыщу тIур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэу, иIэу гъэувын.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын:

мы Указым и пункт 1-м апкъ иткIэ зэхъуэкIыныгъэ Іэхуэхэр иригъэкIуэкIыну, финанс, материально-техникэ, нэгъэущI Іуэхугъуэхэри хабзэм тету къызэригъэпэщыну;

мы Указым и пункт 1-м апкъ иткIэ ират полномочиехэр зэрIэхьныр зэпымыуныр къызэригъэпэщыну;

мы Указым апкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и актхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэныр теухуа жэрдэмхэр къыхилъхьэну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и правовой актэр мы Указым хуигъэкIуэну.

5. Къэру ямыIэжу къэлъытэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м къыдигъэкIа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я къызэгъэпэщыкIэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэныр и Іуэхукlэ» Указ №92-УГ-м и 2-нэ, 3-нэ пунктхэм;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2022 гъэм мазаем и 9-м къыдигъэкIа Указ №10-УГ-м апкъ иткIэ къащта «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я къызэгъэпэщыкIэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэныр и Іуэхукlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №92-УГ-м» и пункт 2-м;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2023 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №128-УГ-м апкъ иткIэ къащта «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я къызэгъэпэщыкIэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэныр и Іуэхукlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №92-УГ-м».

6. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связьымрэ цIыхубз зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м щегъэжьауэ ират къалэнхэмрэ полномочиехэмрэ къыщыгъэлъэгъуэ пункт 1-м къыщынэмыщIа.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м
№106-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2024 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м къыдигъэкIа Указ №106-УГ-мкIэ къыщтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я зэхэлъыкIэр

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министерствэхэр:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныбмкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыпIэ мыпъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIалэгъуалэ Іуэхухэмкlэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIыуэпсым и хъуГуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымкlэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымкlэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ гъэсыгу хозяйствэмкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансэмкlэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связьымрэ цIыхубз зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и адрей гъэзэщIакIуэ органхэр:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхухэмкlэ и управленэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЛIыкIуэ Іуэхущапі Іэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыуу щыIэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тарифхэмрэ псэупIэм и Іэнатlэм щыкIэлъыплъынымкIэ и къэрал комитетыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан Іуэхухэмкlэ актхэр тхынымкIэ и управленэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэм и хъуГуэфIыгъуэхэр къэралым ихъумэныбмкIэ и управленэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапIэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Зэзыгъэкlуж судыщIэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ и къулыкъущIапIэр.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Бжьыхьэ махуэми гъэр егъашхэ

Налшык къалэ дэт Ипподромым и гулэ утым щэбэт кIуам щекIуэкIа мэкъумэш гъэлъэгъуэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэр зэрылэжьакIуэшхуэмрэ абыхэм я гуащIэ къыдэкIам республикэр мыхъуу, къэралым и нэгъуэщI щIыналъэхэри щIымахуэ псом зэригъэшхэфынумрэ щIынэрылъагъут.

Бжьыхьэ гъавэ Іухьжьыгъуэр къэблэгъа нэужь, жэпуэгъуэм и етIуанэ тхьэмахуэм ягъэлъапIэ мэкъумэш Іэнатlэмрэ ерыскъым елэжь промышленностымрэ я лэжьакIуэхэм я махуэр. Абы ипэ къикуэу Музыкэ театрым концерт ин щекIуэкIащ, щагъэлъапIащ илъэс псом губгъуэм итахэр, фермэхэм, заводхэм щылажьэхэр, я зэфIэкIым папщIэ куэдым я цIэр фIыкIэ къаIуащ. Мис абыхэм я гуащIэр щагъэлъэгъуащ къалэ утыкум. Мэкъумэш Іэнатlэ 33-м къыщIагъэкIэр, ягъэкIэр, ягъэкIэр, кърахьэлIэжхэр щызэхуахьэсат абдеж. Бжыхьэм и дахагъымрэ и беягъымрэ нэрылъагъу ищIырт пхъэщхьэмыщхьэхэр, хадзэжкIэр, Іафlыкlэхэр, лыхэкIэр, щэхэкIэр, фIэIугъэхэр, псыхэр апхуэдизу тепльафIэу кърагъуэвэкIати. ЦIыхухэр абы зыкIэ дихьэхати, сурэт зытехьIпIэу ящIа щыIпIэхэм чэзуу щыізэхэтт. Утыкум кърагъувэ шэнтжьейхэм, хъыринэхэм уитIысхьэурэ сурэт зытребгъэхьырти, бжьыхьэм и бэвагъ псори уи щIыбагъ къыдэтт. Адэкlэ къыщыіттт губгъуэ лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп техникэхэри. Ар нэхъ зыфIэгъэщIэгъуэныр цIыхухъуэхрат, мэкъумэш Іэнатlэм пэрытхэрт. Утыкум кърахьащ мэкъумэшымкIэ щIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэхэмрэ ехъулIэныгъэхэмри.

А махуэм ди щIынальэм игъэлъэгъуар щыхьэт тохъуэ ди республикэм и мызакъуэу, къэралыр зэрымымэжкIэнум, мэкъумэш Іэнатlэр хэгъэгу экономикэм и унэтIныгъэ нэхъ зызыужьауэ зэрыщытым. МыIэрысхэмрэ жыгым къыпикIэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ гъэ къэс нэхъыбэ хъу зэпытщ, ар щыпльагъурт гъэльэгъуэныгъэм. Къагщтэжа, иужьрей ильэситхум щыналъэм къыщыпачыж пхъэщхьэмыщхьэр хуэди 2,6-кIэ хэхъуащ, нэгъабэ тонн мин 800-м нэсащ кърахьэлIэжар. Ар щыхьэт тохъуэ: ди республикэм и щхьэр ипIыж къудейкъым, атIэ Урысейм и адрей хэгъэгуэхми ирегъашэ. Апхуэдэщ лыхэкIэри, фIэIугъэхэри, щэхэкIэри, уеблэмэ, гъэпэзгъуэныгъэм кърихьэлIа туристхэм къыхагъэщырт зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуа нэужь, зыкъомрэ ярикъун шхын здащэну зэрафIэфыр, ди ерыскъыжэ зэрыкъабзэр, зэрыгуакIуэр.

Утыкум щагъэува сэрейхэм я къэблагъэ. Ар сабийхэми балигъхэми яфIэгъэщIэгъуэну зэпалпльхь. Адэкlэ щагъэувэкIащ джэд-къазымрэ былымымрэ елэжьхэм я Іэрыкlэр. Джэдыл, былымыл щIынэ, гъэгъуа, гъэщта, зэпкърыха, Іыхьэшхуэ, ныкъуэгъажьэ, нэкулъ зэмылIэужьыгъуэхэр утыку кърахьащ джэд фермэхэмрэ лым елэжь фабрикэхэмрэ.

А псомкIи ди фермерхэм яIэ ехъулIэныгъэр къызыпIэкIуэр, дауи, къэрал, республикэ дэIепыкъуныгъэрщ. Ар къыхагъэщ езы мэкъумэшыщIэхэми. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, дызэрыт илъэсым мы Іэнатlэм къыхуатIыпащащ сом меларди 3-рэ мелуни 120-рэ. Апхуэдэ хэлъхьэныгъэм и фIыгъэкIэ мэкъумэш техникэр къэгъэщIэрэщIащ, щIыгъэпшэрхэр къащэхуащ, псыщIэгъэлъадэ зэтеухуахэр ягъэпсащ.

Гур хегъахьуэ мы Іэнатlэм къуажэ псэукIэр зэрыригъэфIакIуэм, цIыхухэм лэжьыгъэ зэраIэм, зэрыжаIэу, ящIэнрэ яшхынрэ ягъуэту зэрыпсуэм.

Мэкъумэш гъэлъэгъуэныгъэм кърашэлIа ерыскъыжэкIэхэр ирагъэшащ сабийхэр, ныбжь зиIэхэр, ныкъуэдыкъуэхэр щапI унэхэм.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм и Іуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым апкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу гъэувын **Къуэшырокъуэ Залым Зэрэшет и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м
№107-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связьымрэ цIыхубз зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министрым и Іуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым апкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу гъэувын **Лу Азэмэт Хьэсен и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м
№108-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и министрым и Іуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым апкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и министру гъэувын **Лу Азэмэт Хьэсен и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м
№109-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал еджапIэхэм, IэщIагъэ щрат IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ сабий-жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм япыщIауэ щытынымкIэ я чэнджэщэгъухэм я мазэ улахуэхэм яхущIыгъуным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№156-ПП 2024 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м Налшык къалэ

«Къэрал бюджетым хыхьэ къинэмыщI бюджетзэхуаку трансфертхэр Урысей Федерацэм щыщ субъектхэм, Байконур къалэмрэ «Сириус» къэрал щIыналъэмрэ я бюджетхэм, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэхэм, IэщIагъэ щрат IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ сабий-жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм япыщIауэ щытынымкIэ я чэнджэщэгъухэм я мазэ улахуэхэм яхущIыгъун папщIэ, Урысей Федерацэм щыщ субъектхэм, Байконур къалэмрэ «Сириус» къэрал щIыналъэмрэ, курыт щIэныгъэ щрат муниципальнэ организацэхэмрэ IэщIагъэ щрат IуэхущIапIэхэмрэ я бюджетхэм зэрыхухах икIи зэрытрагуашэ щIыкIэр гъэувыным и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2024 гъэм накъыгъэм и 30-м къищта Унафэ №717-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал еджапIэхэм, IэщIагъэ щрат IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ сабий-жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм япыщIауэ щытынымкIэ я чэнджэщэгъухэм я мазэ улахуэхэм 2024 гъэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ сом мини 5 яхущIыгъун.

2. Къэщтэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал еджапIэхэм, IэщIагъэ щрат IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ сабий-жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм япыщIауэ щытынымкIэ я чэнджэщэгъухэм я мазэ улахуэхэм яхущIыгъуным теухуа Положенэу мы унафэм щIыгъур.

3. Мазэ къэс улахуэм хущIагъу ахъшэу мы унафэм и 1-нэ пунктым къыщыгъэлъэгъуар Урысей Федерацэм и Бюджет кодексым и 781 статьям ипкъ иткIэ субсидие папщIэу ягъэува мурадхэм трагъэкIуэдэну хухаххэм къыхэкIыу гъэувын.

4. Мы унафэм и 1-нэ пунктым къызэрыщыгъэлъэгъуам ипкъ иткIэ, мазэ къэс улахуэм хущIагъу ахъшэр къэрал бюджетым щыщ къинэмыщI бюджетзэхуаку трансфертхэу къэрал бюджетым къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхуаутIыпщ, къагъэлъэгъуа мурадхэм къыхуагъэсэбэпын папщIэ.

5. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий М. Б.

6. Мы унафэм къару егъуэт ар официальнэу къызэрытрадзэрэ махуипщI дэкIа иужь икIи ехьэлIащ 2024 гъэм фокIадэм и I-м къыщыщIэдзауэ зэфIэува хабзэ зэхущытыкIэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий.

• Зауэм и бынхэр

Аруан щIыналъэм щагъэлъапIэ

УФ-м и компартым къызэригъэпэща «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хэтхэм, жьы хъуа цIыхухэм жэпуэгъуэ мазэр хухахауэ, республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ дэт щэнхабзэмкIэ унэхэм, курыт еджапIэхэм зэхыхьэ дахэхэр щрагъэкIуэкI.

АПХУЭДЭУ, зи гугъу тщIа а зэгухьэныгъэм Аруан районым щиIэ и IуэхущIапIэм и унафэщI Джатокъуэ Казбекрэ компартым и район къудамэм и япэ секретарь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутат Къардэн Мурадинрэ, жэпуэгъуэ мазэм махуэ зырыз хухахауэ, къуажэхэм дэт щэнхабзэмкIэ унэхэмрэ школхэмрэ псапапщIэ зэхыхьэхэр щрагъэкIуэкI. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэмрэ абы иужь ита илъэсхэмрэ зи сабиигъуэр хиубыда нэхъыжьыфIхэм ягъэва гугъуехьымрэ хьэзабымрэ зыхуэдам щIалэгъуалэр щагъэгъуазэу.

Апхуэдэ зэIущIэхэм ящыщу Аруан щIыналъэм хыхьэ Аруан къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм къыщызэрагъэпэщам щызэхуэсащ «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэр, ветеранхэр, щIыпIэ администрацэм щыщхэр, школакIуэхэр, абыхэм я гъэсакIуэхэр.

Къардэн Мурадин, нэхъыжьыфIхэм защыхуигъазэм, жиIащ:

- Нобэ дыкъыщIызэхуэсар фэ фтелъа хьэзабымрэ гугъуехьымрэ дигу къэдгъэкIыжу, къытщIэхъуэ щIэблэм дерс къыхахыным папщIэщ, дэ ар зэи тщыгъупщэ мыхъун Iуэхущ фи фэм дэкIа бэлыхьыр зыхуэдизыр, фи псэ фемыблэжу фыщIэлэжьар сэбий къытщIэхъуэм и къэкIуэнум щхьэкIэщ. Узыншагъэрэ бын гуфIэгъуэрэ фыщымыщIэу фи гъащIэр Тхьэм фигъэхь, ди нэхъыжьыфIхэу фIыр зи Iэужьхэм. «Зауэм и бынхэр» псалъэхэр зытет медалхэри къыздэтхьащ фэр папщIэ. Ахэр фхэтлъхьэу фи нэгуи зедгъэужьын мурад диIэу аращ фыщIызэхуэтшэсар.

АдэкIэ утыкум къихьащ Джатокъуэ Казбек. «Фэ, нэхъыжьыфIхэм, фи гугъуехьыр зэхэзыщIыкIын ди щIалэгъуалэр Тхьэм ищI, фи пщIэмрэ фи нэмысымрэ мыкIуэду, фи сабийхэр фхуэузыншэрэ фыздэузыншэу Тхьэм фигъэпсэу!» - жиIэри, зэхыхьэм къыздахьа медалхэмрэ цIыхубзхэм папщIэ къахьа удз гъэгъахэмрэ иратащ зи сабиигъуэр зауэм хиубыда нэхъыжьыфIхэм.

НэхъыжьыфIхэм папщIэ ягъэхьэзыра концертымкIэ зэIущIэр зэхуащIыжащ.

КЪАНКЪУЛ Зазий.

БищIо Анатолэ Аслъэн и къуэр



Къэбэрэдей-Балъкъэр Республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 90-м иту дунейм ехыжащ республикэ журналистикэм и ветеран БищIо Анатолэ Аслъэн и къуэр. Ар 1935 гъэм Налшык къалэм къыщалъхуащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызэригъэгъуэтари республикэ къэрал университетырщ. 1960 гъэм КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетыр къиухащ. ЕджапIэ нэужьым КъБАССР-м и Къэрал телерадиом лэжьыгъэм щыпэрыхьащ, телевиденэм и корреспондент хэхауэ лэжьащ. 1992 - 1998 гъэхэм КъБР-м Телевиденэмрэ радиовещанэмкIэ и къэрал комитетым и тхьэмадэу щытащ.

БищIо Анатолэ и лэжьыгъэ купщIафIэр гулъытэншэу къэнакъым - абы къыхуагъэфэщащ «КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, Адыгэ Республикэми Къэрэшей-Шэрджэсми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэу щытащ, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм 1962 гъэ лъандэрэ хэтащ. Абы и фэеплъ нэхур игъащIэкIэ ягу илъынущ къыдэлэжьахэмрэ зыцIыхуу щытахэмрэ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, «КъБР-Медиа» ГКУ-р, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-р, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-р, «КъБР-инфо» хъыбарегъащIэ агентствэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр.

• Прокурорым къыдгурегъаIуэ

ЦIыхур дзэ къулыкъум еджэнымрэ дзэ учётым гъэувынымрэ ятеухуа хабзэхэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр

«Урысей Федерацэм и цIыхухэр дзэм еджэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ къулыкъум гъэкIуэнымрэ ятеухуауэ Урысей Федерацэм и Правительствэм къыдигъэкIа язынықъуэ актхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2021 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м къищта унафэм тету зэрагъэзэхуэжащ Урысей Федерацэм и цIыхухэр дзэ къулыкъум еджэным ехьэлIа Положенэмрэ цIыхухэр дзэ учётым гъэувыныр щыубзыхуа Положенэмрэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м къыдигъэкIа унафэ №663-мкIэ, 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м къыдигъэкIа унафэ №719-мкIэ къащтахэм, я язынықъуэ мардэхэр.

ЗИ ГУГЪУ тщIы мардэ актхэр ирагъэзэгъащ «Урысей Федерацэм цIыхухэр зэщIэгъэуIуауэ дзэ къулыкъум еджэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ гъэкIуэнымрэ я IуэхукIэ», «Дзэм къулыкъу щыщIэным теухуа къалэнымрэ къулыкъур ехьэкIынымрэ я IуэхукIэ», «Урысей Федерацэм и цIыхухэр егъэджэным теухуауэ» и къэрал законхэм я редакцэщIэхэм.

Къэбгъэлъагъуэмэ, дзэм къулыкъу щащIэну щраджэкIэ (дзэ къулыкъум еджэным ехьэлIа Положенэм и редакцэщIэм и 19-нэ пунктым) мыхэр къалъытэ:

курыт щIэныгъэ, курыт IэщIагъэрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэрэ, апхуэдэуи ягъуэта IэщIагъэм хуэфэщэн хуэдэу я псантхуэхэр псыхьауэ щытмэ, ахэр ягъакIуэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэща хъун папщIэ мардэ щхьэхуэхэр щыгъэува дзэ частхэм (къэрал щэхур хъумэным епха хуитыныгъэхэр къратмэ), е щеджэну дзэ частхэм;

курыт щIэныгъэ зиIэ цIыхухэр дзэ IэщIагъэхэм щыхурагъэджэну частхэм ягъакIуэ, ахэр дзэ къулыкъухэу (дзэ-учётнэ IэщIагъэхэу) а дзэ еджапIэ частхэм щыхуагъэхьэзырхэм хуэфэщэн хуэдэу я псантхуэхэр псыхьауэ къалъытэу 1 е 11 гупхэм хабжамэ;

курыт IэщIагъэ къыщрат еджапIэхэм щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэтахэм, щIэныгъэ нэхъыщхьэ къыщрат еджапIэхэр къэзыухахэм, ауэ дзэ частхэм я еджапIэхэм зыхуагъэхьэзыр мардэхэм зи щIэныгъэкIэ хуэмыкIуэ цIыхухэм дзэ частхэм къыщрат абыхэм я IэщIагъэм хуэкIуэ унэтIыныгъэ зиIэ къулыкъухэр;

дзэ гупхэм, дзэ частхэм (кхъухьхэм) зи цIэхэр зэрахьэ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм щыпсэу цIыхухэр а дзэ гупхэм е дзэ частхэм (кхъухьхэм) къулыкъу щащIэну ягъакIуэ, дзэ къулыкъум щыдаш пIалъэм ирихьэлIэу а частхэм цIыху ягъэкIуэн хуейуэ къыщIэупщIэмэ;

зэкъуэш зэтIолъхуэныкъуэхэр, зы пIалъэм ирихьэлIэу дзэ къулыкъум ираджэмэ икIи дзэм езыджэ зы комиссэм егъэбыдылIамэ, зы дзэ частым къулыкъу щащIэну ягъакIуэ хабзэщ;

сабий зиIэ цIыхухэр, апхуэдэуи зи адэ-анэхэр сымаджэхэр е пенсэм щысхэр икIи «Дзэм къулыкъу щыщIэным теухуа къалэнымрэ къулыкъур ехьэкIынымрэ я IуэхукIэ» къэрал законым и 24-нэ статьям и 1-нэ пунктым и «б» пункт къуэдзэм къыщыгъэлъэгъуахэм химыубыдэхэр дзэ къулыкъур щрахьэкIыну ягъакIуэ Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм, Урысей Федерацэм и лъэпкъ гвардием и дзэхэу, дзэ гупхэу ахэр щыпсэухэм пэмыжыжьэу щыIэхэм, цIыхухэр дзэ къулыкъум еджэным ехьэлIа мардэхэм изагъэу. Апхуэдэм деж цIыхум зи гугъу тщIы Iыхьлыхэр зэриIэм щыхьэт техъуэ дэфтэр иIэн хуейщ;

курыт IэщIагъэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапIэхэр къэзыухахэр, IэщIагъэ зэщхьу къэплъытэ хъунухэр зиIэхэр, «Кхъухьхэмрэ псым щызекIуэ нэгъуэщI транспорт-хэмрэ зэрызэпкъралъхьэ щIыкIэмрэ Iэмалхэмрэ» унэтIыныгъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтахэр дзэ къулыкъум щраджэкIэ, ахэр Дзэ-Тенджыз Флотым и дзэ частхэм ирагъэбыдылIэ;

жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я еджапIэхэм е курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм дзэ-учётнэ IэщIагъэхэм щыхуагъэхьэзырахэр абыхэм ягъуэта дзэ-учётнэ IэщIагъэм теухуауэ икIи а пIалъэм ирихьэлIэу дзэм ираджэхэр здашэну къащIэупщIа частхэм ягъакIуэ, дзэ-учётнэ IэщIагъэхэм хуагъадэхэр зиIэ цIыхухэм нэхъыбэу ират ягъуэта щIэныгъэм хуэкIуэ дзэ къулыкъухэр.

Апхуэдэуи нэхъ зэхэха хъуащ цIыхухэр япэу дзэ учётым гъэувыным и Iуэхури (цIыхухэр дзэ учётым гъэувыным теухуа Положенэм и 34-нэ пунктым и редакцэщIэм тету). Ар ирагъэкIуэкI мыпхуэдэ мурадым хуэгъэпсауэ:

илъэс 18 ирикъуа нэужь дзэ къулыкъум ираджэн хуей цIыхухъухэм я бжыгъэр яубзыхун папщIэ;

дзэ къулыкъум ираджэн хуей цIыхухъухэм я Iуэху зытетыр зрагъэщIэну: я узыншагъэм и щытыкIэкIэ дзэм ираджэ хъунумэ, щIэныгъэу яIэр, дзэ-учётнэ IэщIагъэхэм хуагъэхьэзырамэ икIи дзэ къулыкъухэр ягъэзащIэу къулыкъум пэрытыфынумэ, IэщIагъэу яIэр, суд тращIыхьамэ;

апхуэдэуи цIыхухэр Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм, лъэпкъ гвардием, дзэ гупхэмрэ органхэмрэ я дзэ лIэужьыгъуэхэм нэхъ пасэу тегуэша хъун апщIэ.

Абы нэмыщI, дзэ къалэныр ирамыхьэкIыну хуит зыщI щхьэусыгъуэхэм е дзэ къулыкъум ираджэн щIыхуэмей, дзэ кIуэгъуэр щIыхуагъэIэпхъуэ дэфтэрхэу сыт хуэдэхэр дзэм езыджэ комиссэм иратын хуейми нэхъ гъэбелджыла хъуащ (дзэм еджэным теухуа Положенэм и 17.1 - 17.4 пунктхэр).

Апхуэдэуи ягъэуващ, дзэ къулыкъум мыкIуэну хуит ящIа цIыхум а Iэмалыр къигъэсэбэпыну хуэмеймэ, дзэм ягъэкIуэнухэм я Iуэхухэм хэплъэ комиссэм и унафэщIым и цIэкIэ лъэIу тхылъ итхын зэрыхуейр, а хуитыныгъэр къизэримыгъэсэбэпынур къыщыгъэлъэгъуауэ (дзэм еджэным теухуа Положенэм и 17.5 пунктыр).

Дэфтэр къагъэсэбэпынухэр къахьащ икIи ягъэтэмэмащ. Абыхэм ящыщщ: цIыхур зэреджэм теухуа справкэр, и узыншагъэр къызэрапщытэну медицинэ тхылъхэр (дзэм еджэным теухуа Положенэм и гуэдзэн №2-мрэ №3-мрэ), цIыхур дзэ учётым япэу зэрагъэувынум теухуауэ дзэ комиссариатым абы хуигъэхь тхылъыр, цIыхум теухуауэ зыщIэупщIахэм я жэуапхэр зэрыт анкетэу ар щеджэм е щылажьэм ягъэхьынухэр (дзэ учётым гъэувыным теухуа Положенэм и гуэдзэн №7-мрэ №8-мрэ)

А дэфтэрхэр зэрытхын хуей мардэхэри убзыхуауэ щытщ. Къапщтэмэ, дзэ учётым япэу ягъэув цIыхум езым итхыну хуиткъым а анкетэр.

Уголовнэ Iуэхур зэрыщхьэщахым теухуауэ

Къэрал законодательствэм хагъэхьащ цIыхур уголовнэ жэуапым емышэлIэнымкIэ иджыри зы Iэмал – дзэм къулыкъу щищIэну мобилизацэкIэ е зауэ зэманым хыхьэныр, дзэ къулыкъур ехьэкIыным теухуа зэгурыIуэныгъэ ирищIылIэныр.

2024 гъэм гъатхэпэм и 23-м къащта къэрал закон №64-ФЗ-м ипкъ иткIэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексымрэ Урысей Федерацэм и Уголовно-процессуальнэ кодексымрэ. Абыхэм япкъ иткIэ, щIэпхъаджагъэ (экономикэ IэнатIэм, компьютер хъыбарегъащIэ Iэмалхэм, дэтхэнэми и хуитыныгъэхэм, жылагъуэ шынагъуэншагъэм, цIыхубэм я узыншагъэмрэ жылагъуэм я щэнгъасэмрэ, конституцэ ухуэкIэм и лъабжьэхэмрэ къэралым и шынагъуэншагъэмрэ, къэрал унафэ щIыкIэм, апхуэдэуи мамыр псэукIэмрэ дунейпсо цIыхубэм я шынагъуэншагъэмрэ ехьэлIахэм нэмыщI), зылэжьа цIыхуу Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм дзэм къулыкъу щищIэну мобилизацэкIэ е зауэ зэманым ираджам, е мобилизацэ щекIуэкI пIалъэм къриубыдэу, е дзэ щытыкIэ щагъэувам, е зауэ зэманым дзэм къулыкъу щищIэну зэрыхыхьэм теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ тезыдзам, апхуэдэуи мобилизацэ щекIуэкIым, зауэ щытыкIэ щагъэува зэманым е зауэ щекIуэкIым дзэ къулыкъу ирихьэкIыу щIэпхъаджагъэ зылэжьауэ абыхэм я Iуэхур зэхэгъэкIыныр пIалъэкIэ къызэтрагъэувыIахэр уголовнэ жэуапым ирашалIэркъым:

дзэ къулыкъур щрихьэкI пIалъэм къриубыдэу къэрал дамыгъэ лъапIэ къыщрата махуэм щегъэжьауэ;

«Дзэм къулыкъу щыщIэным теухуа къалэнымрэ къулыкъур ехьэкIынымрэ я IуэхукIэ» къэрал законым и 51-нэ статьям и 1-нэ пунктым и «а», «в», «о» пункт къуэдзэхэм къыщыгъэлъэгъуахэр и лъабжьэу, дзэ къулыкъум къыщыхэкIыжа махуэм щегъэжьауэ.

Уголовнэ жэуапым ирашэлIауэ тралъхьа тезырыр зыпшыныжхэу Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм мобилизацэкIэ е зауэ щекIуэкI зэманым дзэ къулыкъум ираджахэм, е мобилизацэ щекIуэкI пIалъэм къриубыдэу, е дзэ щытыкIэ щагъэува, е зауэ зэманым дзэм къулыкъу щищIэну зэрыхыхьэм теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ тезыдзам и тезырыр условнэу щхьэщах.

Къэрал дамыгъэ лъапIэ зыхуагъэфэщахэу е дзэ къулыкъум къыхэкIыжахэу зи гугъу тщIахэм хуэдэхэм ищхьэкIэ къыщытхьа щхьэусыгъуэхэм япкъ иткIэ тезырыр щхьэщахыж. Апхуэдэ щIыкIэкIи, суд унафэкIэ ягъэкъуэншахэм ейхэри и пIалъэр къэмысу щхьэщахыж.

Шэч зыхуащIу (ягъэкъуаншэу) зи Iуэхур зэхэгъэкIыныр къызэтрагъэувыIам къэрал дамыгъэ лъапIэ къызэрыратам теухуа хъыбар зыхуэфащэ органхэм къабгъэдэкIыу къаIэрыхьа нэужь, шэч зыхуащIым (ягъэкъуаншэм) и арэзыныгъэ хэлъу, командирым унафэ ещI ар зэрагъэкъуаншэр щхьэщахыжыну.

Уголовнэ къуаншагъэр зыщхьэщахыжахэм я зэран зэкIахэм ягъуэта хэщIыныгъэхэр пшыныжыным теухуа Iуэхухэм граждан судхэр хоплъэ.

ХьэтIохъущыкъуейм и жыг хадэр

Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ ХьэтIохъущыкъуей (БахъсэнГЭС) къуажэм дэсхэр куэд щIауэ зыпэплъа, жыг хадэ (сквер) цIыкIур зэIузэпэщ ящIащ икIи гуфIэгъуэ зэхыхьэ иджыблагъэ абы иращIылIащ. Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIащ «ПсэупIэмрэ къалэ зэIузэпэщыгъэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

ГУФIЭГЪУЭ зэхуэсым кърихьэлIахэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и унафэщI Балъкъыз Артур.

«Илъэс къэс ди щIыналъэр нэхъ дахэ хъуурэ макIуэ, ухуэныгъэщIэхэр къызэIудох, цIыхухэм я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ тхуэщIэ къэдгъанэркъым. Нобэ мыбдеж зэхуэдэу зыщагъэпсэхуфынущ, янэгузыщрагъэужьыфынущ сабийхэми балигъхэми.

Мы щIы кIапэ цIыкIум деж къыщыпкIухьыным и мызакъуэу, къуажэдэсхэр нэхъ зэпэгъунэгъу зэхуэзыщIын Iуэхугъуэ щхьэпэхэр, гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр щебгъэкIуэкI хъунущ. ФIыщIэ яхузощI республикэм и унафэщIхэми мы пэхуэщIэм хэлэжьыхьахэми», - жиIащ Балъкъыз Артур.

Мазэ зыбжанэм къриубыдэу метр зэбгъузэнатIэ мин 19 хъу жыг хадэ цIыкIур къыпхуэмыцIыхужынум хуэдэу къагъэщIэрэщIэжащ: лъэс лъагъуэхэм плиткэхэр иралъхьащ, тетIысхьэпIэхэр ирагъэуващ, уэздыгъэхэр щыпадзащ, сабийхэм джэгупIэ щхьэхуэхэр хуащIащ, СССР-м футболымкIэ и чемпион IэпщIэ Александр и фэеплъыр зыхуей хуагъэзащ.

Хадэ цIыкIум топджэгупIэ хэтщ, ауэ абы къыдэкIуэу, физкультурэмрэ спортымрэ зыщыхуэбгъэсэн Iэмалхэри щыIэщ.

Къуажэдэсхэр, дауи, щыгуфIыкIащ сабийхэмрэ балигъхэмрэ папщIэ къызэрагъэпэща щIыпIэ екIуэхэми, езы хадэ цIыкIум игъуэта теплъэмрэ абы и дахагъ хъуамри. ГуфIэгъуэ зэIущIэм кърихьэлIахэм ерыскъы IэфIхэр къыхуаIэтащ, джэгу хузэхашащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Республикэм и IэнатIэхэм я хэхъуэхэр

2024 гъэм и щIышылэ - шыщхьэуIу мазэхэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм хуэгъэпса IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэхэм къапэкIуащ сом меларди 153,8-рэ е нэгъабэ и иджы хуэдэ зэманым щыIа бжыгъэхэм проценти 130,6-кIэ хуэкIуэу.

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЦИ, хэхъуэ нэхъыбэ къыщагъэлъэгъуащ мэкъумэш, мэз хозяйствэхэм, щэкIуэн, бдзэжьей ещэн IэнатIэхэм. Мыбдежым абыхэм яхуэзэфIэкIар нэгъабэ нэхърэ проценти 149-кIэ нэхъыбащ икIи республикэм мэкъумэш IэнатIэм зэпымыууэ зэрызиужьым ар и щыхьэтщ. Ар зи фIыгъэр инвестицэхэр нэхъыбэу IэнатIэм къызэрыхрагъалъхьэмрэ иджырей технологиехэмрэ жыджэру къызэрагъэсэбэпымрэщ.

ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэхынымкIэ, машинэ зэпкърылъхьэн IэнатIэмкIэ, ерыскъыхэкIхэм елэжьынымкIэ, химие, дэрбзэр промышленностхэмкIэ, ухуэныгъэм ирахьэлIэ материалхэр къыщIэгъэкIынымкIэ, нэгъуэщI IэнатIэхэми проценти 123,6-рэ хэхъуэу къатащ. Мы IэнатIэхэм ахъшэу щызэрагъакIуэмрэ хэхъуэу абы кърагъэщIымрэ нэхъыбэ ящIыхукIэ, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэри къызэрагъэпэщыфынущ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэри ирагъэфIэкIуэнущ.

ЕхъулIэныгъэфIхэр къагъэлъагъуэ цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр яхуэзыщIэ IэнатIэхэми, псом хуэмыдэу, медицинэмрэ социальнэ Iуэхугъуэхэм пыщIахэмрэ. Мыбдежым хэхъуэр проценти 129-рэ хъуащ икIи цIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэуэ яIэр зыхуэдэр абы къегъэлъагъуэ.

Егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ куэдкIэ елъытащ цIыху капиталым зэрыхэхъуэну щIыкIэмрэ экономикэм и зыужьыныгъэм игъуэтыну лъабжьэр зыхуэдэнумрэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм хуэгъэпса IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэхэм къапэкIуахэм хохьэ абыхэм къыщIагъэкI продукцэхэм, езыхэм я къарукIэ зэфIагъэкIахэмрэ цIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэр, НДС-р, акцизхэр хэмыту нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщащэхуу ящэжа хьэпшыпхэм, ерыскъыхэкIхэм, н. къ. кърагъэщIа фейдэр, нэгъуэщIхэри.

БЭВЫКЪУЭ Алыдж.

Дунейм щыхъыбархэр

ФIым ухуегъаплъэ

УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеслав и телеграм-напэкIуэцIым щыжиIащ европей къэралхэм я лIыщхьэхэм БРИКС-р къэру зыбжанэм я еплъыкIэр зи лъабжьэ дунейпсо зэхущытыкIэм и шэсыпIэу зэрыщытыр къагурыIуэ зэрыхъуар.

«СЕРБИЕМ и мурадщ БРИКС-м хыхьэну. Европэ зэгухьэныгъэр IуэхущIэгъу хуэхъуну къызэримылъытэм къыхэкIыу, абы псынщIэу зызыужь къэралхэм я зэгухьэныгъэм и лъэныкъуэ зещI, - жиIащ Володин Вячеслав. – Европэ зэгухьэныгъэм къыщхьэщыкIыу БРИКС-м къэралхэм я щыIэкIэ-псэукIэм и Iуэху хильхьэркъым, я зэдэлэжьэныгъэм теухуауэ къигъэув щытыкIэхэр хабзэм къеззгъыу щытщ, апхуэдэуи шынагъэкIэ езыр зыхуейр яригъэщIэнуи хэткъым».

УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщIым къыхигъэщащ Евросоюзым хэтхэм ейм нэхърэ БРИКС-м хыхьэ къэралхэм я экономикэм куэдкIэ нэхъыфIу зэрызаужьар. Къапщтэмэ, Германием, Австрием, Финляндием, Эстонием я щIыналъэм къыщалэжьыж мылъкур нэхъ мащIэ мэхъу, промышленностымкIи хэщIыныгъэ хьарзынэхэр яIэщ.

«БРИКС-м хыхьэну хуейщ иджыри къэрал 30-м щIигъу. Экономикэ центр лъэщ хъуа зэгухьэныгъэм и зэхэтыкIэм къэкIуэным фIыкIэ ухуегъаплъэ», - жиIащ Володин Вячеслав.

ЗэпыщIэныгъэхэм зрагъэубгъу

Пакистаным и къулыкъущIэхэм унафэ къащтащ урысей туристхэр къыдахьэхын папщIэ, я къэралым узэрихьэну дэфтэрхэм ухуэмейуэ Iуэхур дяпэкIэ къызэрагъэпэщыну. Апхуэдэ хъыбарыр щагъэIуащ иджы япэу зэхаша Пакистан-Урысей инвестицэ форумым.

УРЫСЕЙМ щыщ зыплъыхьакIуэ нэхъыбэ я къэралым ягъэкIуэн папщIэ, Пакистаным и IуэхущIапIэхэр урысей туроператорхэм ядэлэжьэнущ, лъэныкъуитIми я фейдэ зыхэлъ зэпыщIэныгъэхэм зрагъэужьынущ. Къэралым турист унэтIыныгъэм зыщиужьынымкIэ япэ игъэщыпхъэ къалэнщ визэ къыдэхын Iуэхур зэрыхъукIэ нэхъ тынш ящыщIыныр. Унафэ къащтам ипкъ иткIэ, Урысейм къищынэмыщIауэ, иджыри къэрали 126-м визэхэр щхьэщахынущ.

КъищынэмыщIауэ, Пакистаным и унафэщIхэм я мурадщ езым я цIыхухэм Урысейм и къалэшхуэхэм, псалъэм папщIэ, Москва, Санкт-Петербург, Къэзан, зыщаплъыхьын папщIэ турист гъуэгуанэхэр къыхузэрагъэпэщыну.

Жэпуэгъуэм и 15, *гъубж*

♦ Зи нэхэм ямылъагъухэм я дунейпсо махуэщ

♦ Iэхэр тхьэщIыным и дунейпсо махуэщ

♦ 1930 гъэм къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ТекIуий Анатолэ**.

♦ 1935 гъэм къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Абхъазым и цIыхубэ артист, КъБР-м, Абхъаз Республикэм я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Мысостышхуэ Пщызэбий**.

♦ 1940 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **IутIыж Борис**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 12, жэщым градуси 9 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 16, *бэрэжьей*

♦ Ерыскъым и дунейпсо махуэщ

♦ ЩIакхъуэм и дунейпсо махуэщ

♦ Анестезиологым и дунейпсо махуэщ

♦ 1991 гъэм Налшык щызэхэтащ КъБР-м ис лъэпкъхэм я нэхъыжьыфIхэм я зэхуэс.

♦ 1868 гъэм къалъхуащ Каир щыщ адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ, «хьэрып усакIуэхэм я пащтыхьу» къалъытэ **Щэукъий Ахьмэд**.

♦ 1917 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **Къардэн Бубэ**.

♦ 1955 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, литературэдж **ТIымыжь Хьэмыщэ**.

♦ 1961 гъэм къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **ШэджыхьэщIэ Юрэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 – 15, жэщым градус 11 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи гуащIэ еплъи, уи лъэ гъэбакъуэ.

ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ

Ахынрэ Испым я пщымрэ

(Нарт тхыдэжь)

Щхьэгуащэ псыхъуэ цІэрыІуэ дыдэу зы испыпщ дэст. Испыпщым пхъу дахэ иІэти, псэлъыхъуэр и куэдт. Нартхэми зэхахащ а дахэм и хъыбар. Нарт щауэхэр лъыхъу кІуэрт абы деж. Аршхьэкlэ испыпщым и пхъур нартхэм къаритакъым, мыр къажриІащ:

– Си пхъур зэстынур Щхьэгуащэ псыхъуэ зэпрылъыфырщ.

Щхьэгуащэ псыхъуэ зэпрылъын къахэкІакъым нарт щауэхэм.

Нартхэ зы жэмыхъуэ яІэт, АхынкІэ еджэу. Ари лъыхъуащ испыпщым и пхъум. И Іэхъуэ башыр къищтэри, Ахын испыпщым деж кІуащ, башыр зыщІигъакъуэри, Щхьэгуащэ псыхъуэ зэпрылъащ.

Испым я пщым сыт ищІэжынт: и пхъур Ахын къритащ.

Испыпщым и пхъур ихьри, Ахын хъупІэм ихьэжащ.

И пхъур нартхэ я жэмыхъуэм зэрыритам хущІегъуэжащ испым я пщыр – къытрихыжын гуращэхэр зэригъэпцІ хъуащ, жэщым емызэгъыжу къэнащ.

Ахын и Іэщыр хъуакІуэ дихуамэ, хъупІэр яуфэбгъуырт, апхуэдизкІэ куэдти. Езыр чом дэст, ар къитІыхьри, щІытІым псы дигъэлъэдэжауэ. Гъуэлъамэ, тхьэмахуэкІэ къызэщыуртэкъым нартхэ я жэмыхъуэр. Тхьэмахуэкlэ жейрти, къызэщыужа нэужь, и Іэщыр хъуакІуэ дихурт, тхьэмахуэкІэ имыгъэхъуэкІуауэ ирихулІэжыртэкъым. Чом къыщыдэкІкІэ, башыр зыщІигъакъуэурэ щІытІым къызэпрылъ и хабзэт нартхэ я жэмыхъуэм.

Ахын и Іэщыр хъуакІуэ дихуауэ ирихьэлІэри, испым я пщыр чом дыхьащ, Іуэм ихьэри шхалъэм зыдиудыгъуащ.

Испыпщым шхалъэм зыдиудыгъуауэ, Ахын къыдыхьэжащ, Іэщыр игъэзэгъэжщ, и Іэхъуэ башыр шхалъэм ириупсейри гъуэлъащ, жэщибл-махуиблкІэ жеин хуейти.

Ахын жея нэужь, испыпщыр шхалъэм къыдэкІащ, шхалъэм еупсея башыр ирибзэри чом къыдэкІыжащ.

ТхьэмахуэкІэ жейри, Ахын къэтэджыжащ, шхалъэм еупсея башыр къиштэри, Іэщыр къиутІыпщащ.

Іэщыр псым къызэприхури, Ахын башым зытригъэщІащ, щІытІым къызэпрылъын хуейти. ЩІытІым къыщызэпрылъым, башыр зэфІэщІыкІащ, ар испыпщым ирибзати. Башыр зэфІэщІыкІри, Ахын щІытІым дэхуащ; щІытІым къыдэкІыжыфакъым – псым итхьэлащ.

Испыпщым и пхъур чом къыдихыжри, Щхьэгуащэ псыхъуэ ихьыжащ.

Гуащэхужь

(Хъыбарыжь)

ХьэтІохъущокъуэ Беслъэн, пащтыхьым и дзэпщхэм емызэгъ щыхъум, Къэбэрдейр ибгынэри, Псыжь зэпрыкІащ. Абазэхэхэм яхэтІысхьэри, пащтыхьым и дзэм куэдрэ къезэуащ. Абазэхэхэм илъэсищкІэ ядэзэуауэ, Беслъэн бгым къикІыжри, Уарп деж тІысащ. Уарп къекІуэлІэжащ Беслъэн и шынэхъыщІэри – ХьэтІохъущокъуэ Мысост.

ЗэшитІым къуэ зырыз яІэт – Аслъэнджэрийрэ Адэлджэрийрэ. Аслъэнджэрий щІалэ хъыжьэт, ІэщакІуэт, абрэдж пашэт. Адэлджэрии лІыгъэкІэ къыкІэрыхуртэкъым абы, нэхъ Іэсэми. Беслъэнрэ Мысострэ Уарп деж тІысыжауэ, беслъэнеипщ Къанокъуэ Айтэч и шыпхъум, ГуащэхужькІэ зэджэм, и цІэр Іуащ. Аслъэнджэрии Адэлджэрии лъыхъуащ Къанокъуэ Айтэч и шыпхъу цІэрыІуэм.

Гуащэхужь Мысост и къуэ Адэлджэрий дэкІуэсащ. Ар игу техуакъым Аслъэнджэрий: и адэ къуэшри и адэ къуэшым и къуэри бий ищІащ.

Аслъэнджэрий бий къыщыхуэхъум, Адэлджэрий бгым ихьэжащ. Адэлджэрийрэ Гуащэхужьрэ къыщыІэрымыхьэм, Аслъэнджэрий и адэ къуэшыр, Мысост, иукІащ, ар къызэрыхуэмыгъунур ищІэрти, абрэджу хыхьэжащ.

Зыбжанэ дэкІауэ, бгым щызэрихьэлІэжащ Аслъэнджэрийрэ Адэлджэрийрэ. Абазэхэхэм ядакъым зэшитІыр зэрыукІыжын: хагъэзыхьри зэрагъэкІужащ. ЗэрагъэкІужа щхьэкІэ, тІуми ягу зэхуэплъыртт. Илъ зэрищІэжын Іэмал хуекІуэри, Адэлджэрий бгым къикІыжащ, урыс дзэпщым екІуэжауэ фэ зытригъауэри, Уарп деж тІысыжащ.

Аслъэнджэрий зэрыабрэджт, шу гуп зыщІигъуурэ Псыжь зэпрыкІырти, зекІуэрт. ЗекІуэ ежьауэ къыщыкІэлъыпхъэркІэ, Аслъэнджэрий и къуэшым деж зыщигъэпщкІурти, пхъэрыр зыщхьэщигъэкІырт: урыс дзэпщым екІуэжауэ зигъэІуати, Адэлджэрий шэч къыхуащІынутэкъым. Апхуэдэурэ зригъасэщ, игъэбэлэрыгъри, Адэлджэрий илъ ищІэжащ: Аслъэнджэрийр иукІри, бгым ихьэжащ. Абазэхэхэм ар хуагъэгъуакъым Адэлджэрий, я щІыр ибгынэу къыздикІам кІуэжыну паубыдащ, армырмэ псэхугъуэ зэримыІэнур гурагъэІуащ.

ЛІыжь цІыкІумрэ пщымрэ

Зы жылэ лІыжь цІыкІу дэсти, тхьэмыщкІэ дыдэт, унэ нэщІым щІэс фІэкІа, бгъэдэлъ щыІэтэкъым.

– Іэхъуэу тхуежьэ, – къыжраІащ лІыжь цІыкІум. – Іэхъуэу утхуежьэмэ, удгъэмэжэлІэнкъым.

Іэхъуэу ежьэри, пщыхьэщхьэм къыщыдыхьэжкІэ зыгуэр кърат хъуащ лІыжь цІыкІум – шхын щыщІэжакъым. Шхын щымыщІэмэ, лІыжь цІыкІур нэхъыбэ хуейт? ЕкІуэкІыурэ, пщыхьэщхьэ гуэрым къыдыхьэжауэ, и Іэнэм махъсымэ кхъуэщын тету, зы мэжаджи телъу кърихьэлІэжащ лІыжь цІыкІур. Махъсымэ кхъуэщыныр мэжаджэм дрифащ. Іэнэм тригъэувэжа къудейуэ, кхъуэщыным махъсымэр из хъужащ, зы мэжаджи къытехутэжащ Іэнэм...

Пщэдджыжьым махъсымэр мэжаджэм дрифри, къуажэ Іэщыр дихуащ лІыжь цІыкІум, пщыхьэщхьэм къыдыхьэжмэ – кхъуэщыным махъсымэр изщ, зы мэжаджи телъщ Іэнэм. «Тхьэм и нэфІ къысщыхуащ», – жиІэри лІыжь цІыкІур гуфІащ. Іэхъуэныр щыпичащ абдеж: «Махъсымэрэ мэжаджэрэ сыщыщІэнукъым – сыт щхьэкІэ сыІэхъуэн?» – жиІэри. Іэхъуэ башыр жылэм ялъридзэжащ.

– Ар хъункъым, – жаІащ жылэм. – Гъэр нэсакъым, хэт дгъэІэхъуэнур?

– Хэти вгъэІэхъуэ. Сэ сшхын согъуэт, афІэкІа сыфхуэІэхъуэжынукъым, – жиІэри махъсымэмрэ мэжаджэмрэ я гугъу къахуищІащ лІыжь цІыкІум. – Тхьэм и нэфІ къысщыхуащ.

– Сыт тщІэнур? – жаІэри зэчэнджэщыжащ жылэр.

– ТщІэнуращ, – жаІащ, – пщым бзэгу хуэтхьынщ. Кхъуэщынымрэ мэжаджэмрэ пщым трихмэ, сыт ищІэжын, итІанэ тхуэІэхъуэнкъэ?

Пщым бзэгу хуахьащ.

– Ди Іэхъуэм Тхьэр къыхуэупсащ, – жаІэри, кхъуэщынымрэ мэжаджэмрэ я гугъу хуащІащ пщым. – Уэ къыпщибзыщІауэ мэтхъэж ди Іэхъуэр.

Кхъуэщынымрэ мэжаджэмрэ къригъэхьащ пщым, махъсымэр мэжаджэм дрифащ, Іэнэм щытригъэувэжым, махъсымэр из хъужащ кхъуэщыным, Іэнэм зы мэжаджи къытехутэжащ.

– Тхьэм и нэфІ къызэрыпщыхуар си нэгу щІэкІащ, – къыжриІащ пщым. – И хъер улъагъу! Сэри сыпхуэупсэнщ, – жиІэри витІрэ зы жэмрэ къритащ лІыжь цІыкІум. Къритри къиутІыпщыжащ. Кхъуэщынри къритыжащ.

ВитІыр щІищІэри, лІыжь цІыкІур мэкъушэ кІуащ. МэкъупІэм зы дыщэ джэдыкІэ къыщигъуэтащ.

ЛІыжь цІыкІум дыщэ джэдыкІэ къызэригъуэтар жылэм къащІащ, кІуэри пщым бзэгу хуахьащ:

– Ди Іэхъуэм дыщэ джэдыкІэ къигъуэтащ.

ЛІыжь цІыкІум еджэри, дыщэ джэдыкІэр иригъэхьащ пщым.

– Тхьэм и нэфІ къыпщыхуащ, дыщэ джэдыкІэм и хъер улъагъу! – къыжриІащ пщым. – Сэри сыпхуэупсэнщ.

Къыхуэупсэри къиутІыпщыжащ.

Абы и ужькІи жылэм яхуэІэхъуэн идакъым лІыжь цІыкІум. Щимыдэм, пщым бзэгу хуахьащ:

– ЛІыжь цІыкІур къобзэджэкІащ: шылэ джэд зэриІэр къыпщибзыщІащ – дыщэ джэдыкІэр къэзыкІэцІыр шылэ джэдыращ.

ЛІыжь цІыкІур къригъашэри, пщым жиІащ:

– Шылэ джэдыр къысхуэхьи, сыгъэлъагъу.

Шылэ джэд дэнэ кърихынт лІыжь цІыкІум: дыщэ джэдыкІэр мэкъупІэм къыщигъуэтат.

Ху Іэбжьыб и жыпымирикІутэри, лІыжь цІыкІур мэкъупІэм ихьащ, хур ипхъри, езыр мэкъум хэтІысхьащ.

ЛІыжь цІыкІур мэкъум здыхэсым, шылэ джэдыр къэлъэтащ, хур ищыпрэ пэт, епхъуэри шылэ джэдыр къиубыдащ. Шылэ джэдыр пщым хуихьащ.

– Тхьэр къыпхуэупсащ, – къыжриІащ пщым. – Шылэ джэдым и хъер улъагъу! Сэри сыпхуэупсэнущ: сыткІи къызэлъэІу.

– СызэрынолъэІунуращ, – жиІащ лІыжь цІыкІум. – Жылэм я жьэр егъэубыд: фыгъуэр зыхегъэн, бзэгу къыпхуэзыхь зумыгъэкІуалІэ. Я жьэр яубыдмэ, сахуэІэхъуэнщ.

Пщым фІэкІынт жылэр: бзэгу яхьыжакъым абы иужькІэ. Бзэгу щамыхьыжым, лІыжь цІыкІур Іэхъуэу ежьэжащ. Тхъэуи-псэууи къэнэжащ, уи фІэщ мыхъумэ, ХьэтІохъущыкъуей къеблагъэ, и унэ усшэнщ, ар тпэжыжьэкъым, къуажапщэм зэрыщытщ.

Натхъуэджымрэ Гуаемрэ

Шууищэ зэрыгъэхъури, зекІуэлІхэм хы Іуфэр тІысыпІэ ящІащ. Шууищэм ягъахъэ лІыгъэм и хъыбарыр Хэкум из хъуащ, нартхэ палъыту, абыхэм ирагъэщхьу хуежьэри, натхъуэджкІэ еджэ хъуащ, нарт къуажэм къытекІри.

Натхъуэджыр цІэ яхуэхъури, хы Іуфэм Іусурэ зыбжанэ дэкІауэ, мэзым зы бланэ щІэтти, ещакІуэурэ бланэр къаукІащ. Бланэр яшхри, бланащхьэр, тхьэгурымагъуэм и чэнджэщкІэ, жыгей лъабжьэм щыщІатІащ.

ЛІыныбжь зыбжанэ дэкІауэ, Натхъуэджым зылІ къихьащ, ГуаекІэ еджэу. Къихьэри натхъуэджым дауэгъу къахуэхъуащ.

– Мы лъахэм япэ къихьар натхъуэджыракъым, сэращ, лъахэм зэрихьэн хуейр си цІэращ, – къапиубыдащ абыхэм Гуаем.

Хасэм щызэдауэри, зыгуэркІи зэгурыІуакъым.

Хасэм зы щІалэ ирихьэлІати, къахэкІыжри и анэм деж кІуэжащ.

– Гуаем ди лъахэр тфІиубыдынкІэ сошынэ, – жриІащ щІалэм и анэм. – Натхъуэджым япэ къихьауэ жеІэ мы лъахэм. Натхъуэджыр мы щІыпІэм япэ къызэрихьам щыхьэт тепщІэ хъун щыІэмэ, сынолъэІу, къызжеІэ.

– Хасэм гъэзэжи, си щІалэ, къоупщІыху уи псалъэ яхыумылъхьэ, – къыжриІащ щІалэм и анэм. – Уи деж къэсрэ къоупщІмэ, нарт шууищэм хы Іуфэр тІысыпІэ щащІам щыгъуэ жыгей лъабжьэм щыщІатІа бланащхьэм и гугъу яхуэщІ.

ЩІалэр Хасэм яхыхьэжащ. Зэдауэр ужьыхатэкъым. Куэдри зэныкъуэкъуащ Хасэр. Гуаер яхуикІуэтыртэкъым. ЩахуимыкІуэтым, зи анэм къигъэІуща щІалэм и псалъи къахилъхьащ Хасэм.

- Натхъуэджым япэ мы лъахэм укъызэрихьамкІэ щыхьэт пщІын уиІэ? – еупщІащ щІалэр Гуаем.

Щыхьэт ищІын игъуэтакъым Гуаем.

– Натхъуэджыр мы лъахэм япэ дыкъызэрихьам щыхьэт тетщІэн диІэщ дэ, – жиІащ щІалэм.

– Абы щыхьэт техъуэн сыбгъэлъагъумэ, мы лъахэм сыщІэдэужынкъым, – жиІащ Гуаем.

Хасэр зыщІигъури, щІалэр лІыныбжь зыбжанэ хъу жыгейм бгъэдыхьащ.

- Мы жыгейм и лъабжэр къэфтІ, – жиІащ щІалэм. - Натхъуэджым япэ къихьа шууищэм мы жыгейм и лъабжьэм бланащхьэ щыщІатІэгъащ. Жыгей лъабжьэм бланащхьэ къыщІэмыкІмэ, Гуаем жиІэр пэжщи, лъахэр Гуаем къыхуэнащ. Жыгей лъабжьэм бланащхьэ къыщІэкІмэ, лъахэр зейр натхъуэджыращи, НатхъуэджкІэ еджэнщ дяпэкІи.

Жыгейм и лъабжьэр къатІри, бланащхьэ къыщІэкІащ. Ар щыхьэт яхуэхъури, натхъуэджыр я лъахэм къинэжащ. Гуаер икІуэтыжри, натхъуэджым я кІэкІэ къэтІысащ. Ноби Шапсыгъым, ТІуапсэ деж, зы къуажэ цІыкІу щысщ, Агуй-ШапсыгъкІэ еджэу. А жылэм дэсхэр Гуае и щІэблэщ.

ЛІым и кІуапІэ и кІуэдыжыпІэщ

(Іуэтэж)

ЗылІ гуэр, Хэкужьым щыцІэрыІуэу, жьы хъури тІысыжащ. ТІысыжа щхьэкІэ унэм изэшыхь хъуащ.

– Зэ сежьэжынщи, дунейм щыхъумрэ щыщІэмрэ зээгъэлъагъунщ, – жиІэри и шым уанэ трилъхьэщ лІыми, гъуси зыри имыщІу, шэсри зекІуэ ежьащ.

ЩифІыгъуэм зекІуэ ежьамэ, Тэн лъэныкъуэкІэ игъазэ и хабзэти, абыкІэ иунэтІащ лІым.

Тэни нэсщ, къызэринэкІри Тэн адрыщІ, ИзыгужькІэ зэджэм, ихьауэ, бжьыхьэ къытехъуащ.

ЛІым и гум зекІуэнкІэ зимыгъэнщІауэ, бжьыхьэр икІри, щІымахуэр къыкІэлъысащ, шыц уэс къесын щІидзэри, губгъуэ нэщІым ириубыдащ. Шыц уэс къесмэ, узэрысым уимыкІ жыхуаІэрати, губгъуэм къыщинэм, пщыІэ хисэри, гъатхэм пэплъэн мурад ищІащ лІым.

ЩІымахуэр кІыхь хъури, лІым и гъуэмылэр къыІэщІэухащ, и гъуэмылэр къыщыІэщІэухэм, и шыр иукІыжащ, уэсыр къесурэ пщыІэм щІиубыдащ, жьыр фийуэ къыщхьэщыуващ, дунейкъутэжщи, пщыІэм къыщІэкІи къыщІэплъи хъуркъым.

Гъатхэр къыхуэгъэсакъым лІыфІым – Тэн адрыщІ щІыІэм щриукІыхьащ.

«ЛІым и кІуапІэ и кІуэдыжыпІэщ», – жаІащ, Тэн губгъуэ икІуэда лІым и хъыбар цІыхухэм щызэхахым.

ПлІанэпэр зыгъэхьэзырар
ТАБЫЩ Муратщ.

● Лермонтов Михаил къызэралъхурэ илъэс 210-рэ ирокъу

Зи гъащІэр мащІэу зи Іэужь уахътыншэ

«Сэ гутедзэкІэ Тифлис сыкъикІыжырт. Си гум хьэлъэу илъыр зэрыхъур зы шумэдан цІыкІут, - абыи и зэхуэдитІыр Грузием теухуауэ тха гъуэгу тхыгъэхэмкІэ кудауэ. Абыхэм я нэхъыбэр, фи насыпти, кІуэдащ, ауэ шумэданыр, адрей хьэпшыпхэр щІыгъуу, си насыпти, хэмыкІуэдыкІІауэ къэнащ».

МЫ ПСАЛЪЭХЭР зи ІэдакъэщІэкІ Лермонтов Михаили «Ди зэманым и лІыхъужь» абы и романыр адыгэбзэкІэ зэзыдзэкІа Къардэн Буби дунейм ехыжакІэщ. Ауэ сыт хуэдиз къару псалъэм щІэлъын хуейр, ар лІэщІыгъуэ бжыгъэ дэкІа нэужьи, гум къилъыхъуэн папщІэ?! А упщІэм и жэуапым жэпуэгъуэм и 15-м зи илъэс 210-р ягъэлъапІэ, илъэс 26-рэ фІэкІа мыпсэуа усакІуэм дытепсэлъыхьурэ къэдвгъэлъыхъуэ. Лермонтовыр зрыпсэуа илъэс мащІэмрэ абыхэм джэрпэджэж яхуэхъуа пщІэ абрагъуэмрэ зэплъытыным уегъэІэнкун, ахэр къыпфІэмыІуэхуу узэрыблэмыкІыфри гулъытэ зэрыхуэфащэм и нэщэнэщ.

«Сыт дэ Лермонтовым теухуауэ дымыщІэр? - жиІэнкІи хъунщ литературэ тхыдэм фІыуэ хэзыщІыкІым е зыщІэупщІэ псоми я жэуап интернетым щызыгъуэт тхылъеджэм. Пэжщ, псори тщІэ хуэдэщ. И анэр игу къимынэжын хуэдизкІэ пасэу зэрыфІэкІуэдари, пхъурылъхур и адэм пэІэщІэ зыщІа анэшхуэ цІэрыІуэм зэрипІари, а псом къыхэкІыу «нанэ и къуэ цІыкІу» цІэр къыкІэрымыпщІэным езым къаруушхуэ зэрытригъэкІуэдари. ИтІани, дауэ илъэс 26-кІэ фІэкІа мыпсэуа щІалэр лІэщІыгъуитІым щІигъукІэ зи цІэ кърaІуэн усакІуи тхакІуи хъуну зэрыхунэсар?

Лермонтовым и гъащІэ гъуэгур яджыныр ІэщІагъэ зыхуэхъуахэм зэрыжаІэмкІэ, абы къызэринэкІащ усэ 400, поэмэ 30, драми 6, романи 3. Тхэн папщІэ, иджыри шакъэрэ къазыцрэ къыщагъэщхьэпа лъэхъэнэм зи зэманым и нэхъыбэр тхыгъэ гъэпсыным тезымыгъэкІуадэ цІыхум апхуэдиз ІэдакъэщІэкІ къызэринэкІыфыну уи фІэщ хъуркъым. Ауэ щыхъукІэ, езы усакІуэр псэууэ дунейм къытехьар зы усэ тхылъ закъуэщ.

Хамэ къэралыбзэр зи анэдэлъхубзэ егъэджакІуэхэр къыхуащтэри, Лермонтовым и сабиигъуэм щегъэжьауэ нэмыцэбзэмрэ франджыбзэмрэ фІыуэ ирагъэщІат. Тхылъхэм я нэхъыбэр зэрызекІуэр щэнхабзэ нэхъ къызэрытІэпІыкІа зиІэ а бзэхэрт. И ныбжь нэсу еджапІэм щІагъэтІысхьа нэужь, Лермонтовым ар бзитхум ирипсалъэу къиухащ.

А псом нэхърэ нэхъ гъэщІэгъуэнщ щІалэм урысыбзэр усакІуэ-тхакІуэ хъун хуэдизкІэ ищІэу зэрыщытар. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, Наполеон текІуагъащІэ Урысейр а лъэхъэнэрт и анэдэлъхубзэм къэрал Іэмэпсымэ къыхищІыкІыным нэхъ щытегушхуар. Лермонтовыр илъэс бжыгъэщ Пушкин, Тютчев, Баратынский, Жуковский, Крылов сымэ нэхърэ зэрынэхъыщІэр. ИтІани, Пушкиныр зэраукІам кІэлъыджа Тютчевым и щыгъуэ псалъэ щабэмрэ губжьыр щыІэуэлъауэ Лермонтовым и «УсакІуэм и фэеплъу» усэмрэт Урысейм нэхъ щызэбгрыкІар. Хэт и гугъэнт абы щыгъуэм езы щІалэщІэм псэуну илъэсиплІ фІэкІа къыхуэмынауэ?!

А псом къикІрати, хуэкъулейуэ псэуа Лермонтовым и анэшхуэ Арсеньевэ Елизаветэ и пхъурылъхум ирита щІэныгъэмрэ езым ар здынигъэса тхэкІэ Іэзагъымрэ ядэщІыгъуу, дунеймрэ къэралымрэ щекІуэкІыр «зэрыщІигъэпщын» зэхэщІыкІи бгъэдэлът усакІуэм.

Лермонтовыр цІыхуфІу щытауэ зыми жиІэркъым. ТеплъэкІэ мыгуакІуэу, щІалэ къекІукІэ уеджэн насыпым ар зэрыхэнар и тхыгъэхэми къыхощ. ЗытекІуэдэжари цІыхухэм ящыдыхьэшхын фІэфІу зэрыщытарщ. Ауэ, дэ къызэрытфІэщІымкІэ, иджыри зи акъыл мытІыса, илъэс 26-рэ фІэкІа зимыныбжьа цІыхур гъащІэ псо къэзыгъэщІам и мардэкІэ щІызэпуплъыхьын щыІэкъым. УсакІуэм и къалэн закъуэр зыхищІэм щымыфэрыщІынымрэ бзэр игъэІурыщІэфынымрэщ. Лермонтов а лъэныкъуэмкІэ имыгубгъуэ ихьауэ зы гурыщхъуи уигъэщІыркъым, и сатыр къэс щыгупцІанэщ.

Лермонтовым и гъащІэ гъуэгуми и творчествэми щэху къыхинэжагъэнкъым илъэси 210-м. Ауэ лъэпкъ щхьэхуэ дыщыхъукІэ, дызытепсэлъыхь усакІуэм ижь ди Хэкуми къыщІихуауэ щыщыткІэ, мы урыс усакІуэм нэхъ нэ лейкІэ дыщІеплъми и гугъу дывгъэщІ. Лермонтовым Кавказыр фІыуэ илъагъуу, «шэрджэс» псалъэр къигъэсэбэпрейуэ, адыгэхэм пащтыхьыдзэм драгъэкІуэкІа зауэм и сурэт пэж зыбжанэ къызэринэкІауэ къыдолъытэри ращ абы и щхьэусыгъуэр. Адыгэбзэм хъарзынэу къигъэзэгъа хъуащ Ацкъан Руслан зэридзэкІыу, тхылъ щхьэхуэу зыбжанэрэ къыдагъэкІа «Кавказ поэмэхэр». Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, нэхъ пасэу адыгэбзэм кърагъэзэгъа Лермонтовым и ІэдакъэщІэкІхэр кІуэдыжыпэнкІэ шынагъуэ щыІэщ. Псалъэм папщІэ, «Демон» поэмэр иджыри Къармэ Іэуес зэридзэкІауэ щытащ. Щхьэ зэдзэкІыгъэу тІу диІэн хуей, нэхъыфІыр къыхэдвгъэх жаІэ хабзэщ цІыху гумызагъэхэм. АрщхьэкІэ тхыгъэ щІызэрадзэкІыр езы усакІуэракъым, уеблэмэ абы и тхыгъэм зыхамыгъэкІыжын папщІэкъым. Хэбгъэзыхьмэ, Лермонтовым урысыбзэкІэ къемыджэфын куэд Къэбэрдей-Балъкъэрым искъым. Ауэ хамэбзэм къипх тхыгъэр уи литературэм щыщ мэхъу, абы и къаруущІэхэр кърегъэбл. А гупсысэр утыкум къизыхьэрейуэ щыта, зи ахърэтыр нэху хъун ди лэжьэгъу гуащІафІэ, усакІуэ икІи зэдзэкІакІуэ Уэрэзей Афлик: «Лермонтовым и «Беглец»-р куэдым зэрадзэкІауэ щытащ», - жиІэрт. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, ахэр ди газетымрэ «Іуащхьэмахуэ» журналымрэ я архивхэм къыщыбгъуэтыжыфынущ. Ауэ ар Іуэху зыщІу тхылъым изыгъэзэгъэн ІуэхущІапІэ зэрыдимыІэм къыхэкІкІэ, махуэ къэс «АмерикэщІэ къызэІутхыу» докІуэкІ, хьэзыру щыІэм дыщыгъуазэкъыми. Зы литературэ лъэрызехьэ дунейм теткъым зэдзэкІыгъэкІэ къыщІимыдзауэ. Лермонтовым хуэдэу къэралым игъафІэ усакІуэшхуэхэм я ныбжь зэпэбж щагъэлъапІэм деж, ар щхьэусыгъуэ пщІыуэ лъэпкъ литературэм псыпэщІэ хебгъэшыныр хъарзынэт.

Къинэмыщ Іауэ, Лермонтовым и усэхэм нэхърэ мынэхъ лъагэмэ, нэхъ къарууншэкъым и прозэр. Урыс тхакІуэхэм бзэ нэгъэса зэщІэкъуакІэ нэхъ къахэщ Чехов Антон тхэн ІэзагъкІэ езым нэхъыбэ къызыбгъэдихауэ зи цІэ къриІуэр Лермонтовырщ. А лъэныкъуэми зызыхэдмыгъэкІыжыпхъэ щапхъэ щыдиІэщ. Тхыгъэр къызэрыщІэддза, Къардэн Бубэ зэридзэкІа «Ди зэманым и лІыхъужь» роман цІэрыІуэр лъэпкъ библиотекэм и лъахэхутэ къудамэм щІэлъщ. Мис ахэр къэбгъэщІэрэщІэжыну уасэ иІэтэкъым Лермонтовым и юбилейм ирихьэлІэу.

Кавказымрэ Лермонтовымрэ я зэхущытыкІэм къэдгъэзэжынщи, шэч хэмылъу, зи цІэ къыпхуиІуэн зауэ губгъуэ теплъэ зыбжанэ къызэринэкІащ зи гугъу тщІы усакІуэм. Пащтыхьым нэмыплъ къызэрыритым и щхьэусыгъуэкІэ Кавказым къыщагъэкІуакІэ, лІыгъэ къигъэлъэгъуэным хуэпабгъэу, Лермонтовми къару гуэр тригъэкІуэдащ ди щІыналъэр пащтыхьыдзэм Іэрыхьэным. ИтІани, зи щІалэгъуэр къуаншагъэм и бийщ. Зи лІыгъэ къеблыгъуэр езым бгъэдэмылъ хахуагъым емыхъуэпсапІэ иІэкъым. Арагъэнщ усакІуэм и урысыгумрэ кавказ гъэсэныгъэмрэ псоми фІыуэ тлъагъу ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьил и образым щІыщызэригъэуІуфари, «Исмэхьил-бейр» зыми щІыпэдмыщІри. «Шэрджэс» жиІэху, Лермонтовым «адыгэ» жимыІагъэнри Іуэхум хэлъщ. Ауэ а псалъэм «Кавказым щыщ цІыху», «Кавказ щылъху» къригъэкІауэ щытми, «шэрджэс» псалъэр мыадыгэ фІэщыгъэ пхуэщІыжынукъым. Исмэхьилбей и образым Лермонтовым ирикъуу хилъхьэфащ урысым и губжьри адыгэм и бампІэри. Дэнэ иджыри Кавказ зауэм и сурэтыр апхуэдэу нэгъэсауэ къызыхэщ литературэ тхыгъэ къыздипхыфынур? Лъэпкъ Іуэхуи, дин щхьэусыгъуи, зауэ зращІылІа лъэпкъыр щІэбгъэкъуэншэн къинэмыщІ фІэгъэнапІи абы зэрыхэмытар «Исмэхьил-бейм» и едзыгъуэ къэс къыхощ:

ФІым къыщхьэщыж адыгэлІ пагэр
КъэмыскІэу малІэ, и пщІэр лъагэу.
И унэ къыщІэна нысащІэм
Къыкъуэтщ и къамэ
дзэ тІуащІэр.
Лейм игъэшынэу, мащэм щыщтэу
И губгъуэ хуитхэм ар икІыныр
Іэмал зимыІэт, ауэ пщылІу
Бийм дэпсэунырт лъэмыкІынур.

Езы зауэм и гуащІэгъуэр къызэригъэлъагъуэ сатырхэр щІалэгъуалэм гъэ къэс, накъыгъэм и 21-м интернетым щызэІэпах:

Ес къуажэ гупыр,
бийм ІэщІэмыкІыфу.
ХокІуэдэжыпэ Хэкум и быныфІхэр.
МафІэс мыухым, гъуэбжэгъуэщ
нэхъей,
Пшэр игъэуфІыцІу, гур егъэгужьей.
И текІуэныгъэр мыжурэпэм фІэлъу,
Бжэр Іуетхъ зауэлІу
хьэкІэкхъуэкІэ Іэлым,
Сабийхэри лІыжь кхъахэри еукІ...

ИпэжыпІэкІэ ращ Кавказым щыпсэухэм Лермонтовыр фІыуэ щІэтлъагъур: ди тхыдэр къыщІалъыхъуэн тегъэщІапІэ урыс усыгъэм къызэрыхинарщ. Аращи, девгъаджэ икІи дывгъэдж урыс усакІуэ щІалэм и тхыгъэхэр. Кавказым и гугъу ищІимыщІми, тхэным къыхуигъэщІа, хъэтІ зэгъэпэща зиІа Лермонтовым ар хуэфащэщ и ІэщІагъэм къыщищта лъагагъымкІэ. УсакІуэм и махуэшхуэр дэтхэнэ ди лъэпкъэгъуми игу нэсыну къытфІэщІ, усакІуэм и лІыхъужьым и гум ирилъхьа сатыритІымкІэ нэдгъэсыну дыхуейт:

И гур хигъахъуэт, къыфІилъэту,
Зэрыадыгэм, мыр и Хэкуу.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Бзэр Іэщіэхумэ, лъэпкъри кІуэдащ

Анэдэлъхубзэр сабийм Іурылъын щІыхуейм и мыхьэнэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди зэманым адэ-анэ къудым къагурІуэркъым. Хэти къелъытэ абы урипсэльэф къудеймэ ирикъуну. Ауэ нобэ зи гугъу фхуэтщІыну Медалы Зое (Чёрнэ Речкэ къуажэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ щрегъэдж) абы теухуауэ и Іуэху еплъыкІэр нэгъуэщІщ.

Апхуэдэу иджыблагъэ Адыгэхэм я махуэм теухуауэ Медалым къыдэзыгъэпэщащ Іэухугъуэр хъэщІэхэм ягу зэрыри-хьымэ, тхьэмыпащэу, уеблэмэ къигъэуІэбжьат.

- Бзэм сыт хуэдэ зэманми зеужь. Къэбгъэльагъуэмэ, адыгэбзэм кудкІэ зихъуэжакъым. ЗэрытщІэщи, Кавказ зауэм иужькІэ адыгэ куэд я Хэкум икІын хуей хъури, КъэжкІыпІэ Гъунэгъум, Тырку-ким, нэгъуэщІ къэралхэм Іэпхъуат. Абыхэм я щІэблэм ноби ущепсальэкІэ тыншу уагуроІуэ, зэхъуэжьІынгъэ мащІэкр яІэми, - жеІэ Медалым. - Махуэхуэм къэдгъэблэгъащ, ящхъуэ, щІэпсэуами, и анэдэлъхубзэр фы дыдэу ихьымащ.

Зое и гъэсэнхэм япэ увыпІэкэр къыщІахь зэпеуэхэмэ. Къапщтэмэ, езы Медалым 2023 гъэм «Илъэсым и егъэджакІуэ» урысейпсо зэхъэзэкъуэм и муниципальнэ Іыхьэм етІуанэ увыпІэр къыщыхьауэ щытащ.

Нахъапэми мыпхуэдэ операцэ щрагъэкІуэкІащ Ростов, ауэ абы щыгъуэ сымаджэм и тхьэмбылыр кърамыхуэ хъуакъым. Иджырей сымаджэм и тхьэмбылыр яхуэхъунымрэ дзэ комиссариатхэм я кІуэлыкъуэщІэхэмрэ дзэ кІуэлыкъум езыджэ комиссэхэм хэтхэмрэ хабзэр къыщызэпауд къэхъуамэ, ахэр псынщІэу зэхэгъэкІыным пыщІа Іуэхухэм.

Зи гугъу тщІа Іуэхухэм хуэдэхэмкІэ зыкъыхуагъаззэмэ, гарнизоным и дзэ прокуроры яхэту, щІыхуэм щІыуІэнущ мы хэщІапІэм: *Налшык къалэ, Пятигорскэ уэрам, 11-нэ унэ, «линэ пщтырым» и телефон номерхэр 8(8862) 77-50-71, 8(8862) 77-05-73.*

Налшык къаша «Гущэр»

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Иджырей гъэзэджэмкІэ «Аланикэ» лъэпкъэзэхуэу фестивалыр 2007 гъэм Владикавказ ягъэ щрагъэкІуэкІащ. Мы гъэм ар 17-нэу йокІуэкІ. Фестивалым хэтхэм я Іэдакъэщ Іэкі щІэщыгъуэхэр щагъэльагъуэ Кавказ Иныхъэрэм и музейхэм. Иджыблагъэ «Аланикэм» и хъугъуэфІыгъуэхэм щыщ щагъэльэгъуащ Налшык, тхакІуэ Вовчок Маркэ и унэ-музейм.

ЯГЪЭЛЪЭГЪУАЩ Екатеринбург щыщ сурэтыщІ Корепановэ Екатеринэ и «Гущэ» («Люлька») проект гъэщІэгъуэныр. Инсталляцэр щагъэуващ музейм и щІыхьэпІэм деж. ТхакІуэ бзылъхугъэм и гъащІэ гъэгъуэм гущэ и кьежьапІэ хуэдэщ. Ар кІыхэщІыкІащ хъар быдэм, бжьэхуц Іуданэм. Гущэм тхьипхъэхэри хэщІыхьащ. Музейм деж щагъэувэ инсталляцэр, метритху зи хьагагъэр, гъэжьэбрыным хэлэжьыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бзылъхугъэхэри - «Анна» вальеологие клубым хэтхэр. Инсталляцэр махуищкІэ ягъэщІэрэщІащ, проектым хэт сурэтыщІ Кубинский Эдуард и нэІэм щІэту. Арт-гъэпсэгъуэныгъэр дяпэкІэ щытынущ тхакІуэм и унэ-музейм деж.

- Езы гущэм уелэжьыну, бгъэщІэрэщІэну гъэщІэгъуэнт. Пэжщ, ар зэрыльагэм тІэкІу къэхъ гугъу ищІащ Іуэхур. Абы папщІэ пкІэльей къэдгъэсэбэнащ. - жеІащ «Аннэ» клубым хэт Іэпэлэсэжэм.

«Сурэтыщ Іым гущэм и тепльэр дигъэльагъуКІэрэ, къыджи-Іэ хуэдэщ дыкъыщежьам ди гупсысэр етІэлІэжу, абы къыщыщІэдзауэ адэкІэ гъащІэм и зэхэлъыкІэм дегупсысыну щхьэпэу», - щетх проектым и хэзыгъэгъуазэм «Аланикэ» фестивалыр зи нэІэ щІэта Дашевский Александр.

- Иджырей дуней екІуэкІыкІэм ущитхъэгъазэ щыІэщ, абы къыщыхъу-къыщыщІэкІэр тІэкІу зэхуэмыкІуэу, ямычэзууэ къыщыпщхъуу. А гупсысэм тепщІыхьмэ, мы лэжьыгъэм щІагъэ щІэлъщ псори ипэжьитІэкІэ щыкъабзэ щІэдзапІэм къыщыдгъэжьажьу, адэкІэ ди ІуэхущІафэхэмэ ди гупсысэм и зэкІэпльыкІуэкІэмэ сэбэныначъ хэтлъхьэным, ди псэр арэзы зэрыхъунym ухэдзу гъащІэ гъэгъуэ зэтедублэным дыпылъыну. ИкъуКІэ си гуапэщ мы арт-объектыр Вовчок Маркэ и музейм деж щыдгъэлъэгъуэным зэрытедухуари, - жиІащ Дашевскэм.

«Аланикэ» фестивалым и епщыкІубланэрэй екІуэкІыгъуэр тхыдэм къыхэнэн папщІэ, абы и электрон лІэужьыгъуэм къызэрагъэпэщыну. Абы дыщІагъуэкІынущ фестивалым хэт музейхэм ятеухуа аудио тхыгъэхэри.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Гу зылъытапхъэ

Армэм кІуэн хуейхэм папщІэ

Дзэ къулыкъум еджэным теухуауэ щІыхуэхэр зыщІэупщІэхэр яхуэзэхгъэкІын мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщыдзэІуах чэнджэщ щрат, хабзэм щыгъуазэ щащІ центррэ «линэ пщтырр».

2024 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ дыгъэгъазэм и 31 пщІондэ лэжьэну, гарнизоным и 316-нэ дзэ прокуратурэм къыщызэІуахащ чэнджэщ щрат, хабзэм щыгъуазэ щащІ центррэ «линэ пщтырр». Дзэм къулыкъу щащІэну ираджэ щІалэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ я хабзэм щыгъуазэ щыщІэнущ дзэм къулыкъу щыщІэным теухуа къалэнымрэ ар екъэкІынымрэ, дзэ комиссариатхэм я кІуэлыкъуэщІэхэмрэ дзэ кІуэлыкъум езыджэ комиссэхэм хэтхэмрэ хабзэр къыщызэпауд къэхъуамэ, ахэр псынщІэу зэхэгъэкІыным пыщІа Іуэхухэм.

Зи гугъу тщІа Іуэхухэм хуэдэхэмкІэ зыкъыхуагъаззэмэ, гарнизоным и дзэ прокурори яхэту, щІыхуэм щІыуІэнущ мы хэщІапІэм: *Налшык къалэ, Пятигорскэ уэрам, 11-нэ унэ, «линэ пщтырым» и телефон номерхэр 8(8862) 77-50-71, 8(8862) 77-05-73.*

Лышхыр зэрагъэхъуж Іэмалыщ Іэхэр

● Узыншагъэ

Урысей Минздравым лыш узыфэхэмкІэ и щІэныгъэхутэ Іуэхущ Іапі эу Дон Іус Ростов къалэм щыІэм иджыблагъэ щрагъэкІуэкІащ операцэ хьэлъэ. Дохутырэм хэрагъэлащ зи тхьэмбылыр лыш лІэужьыгъуэ шынагъуэм ирубыда сымаджэр.

ИЛЪЭС 36-рэ зи ныжь щІыхуэхъур Іупсым лъы хэлъу къэзыгъуэбжьыхъым иригузавзу дохутыр зыкІэлъигъэплъати, лыш иІэу къаухуат. Ростов къалэм дэт онкоцентрым къеІуІэпІа нэужь ираГъэкІуэкІа къэпщытэнымгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, абы и ижьырабгъу тхьэмбылыщхьэр лышхым иубыдри, тэмакъым зритыжауэ къахуатащ.

- Апхуэдэ лыш лІэужьыгъуэм куэдрэ дрихьэлІэркъым. Ар операцэ пщІынкІэ Іэмал имыІэу, къурмакъеймрэ тхьэмбылымрэ я зэпылъпІэм зыри щыпхуемыщІэр нэхьыбэщ. Мы лышхыр щыкъырыщхъэт, гугъуСигъат, ауэ сымаджэр ныбжькІэ зэрыщІалэм Іуэхур тщигъэпсынщІауэ жьпІэ хъунущ, нэгъуэщІ уэ лІэужьыгъуэ кьефыкІыртэкъымы, и узынщагъэр операцэм пэлъэщыну фэ етпльат. Арами, апхуэдэ операцэ ягъ кьэс сымаджэщым щыпхуегъэкІуэкІынкъым. Іэмэпсымэ лъэщхэкІэ укъызэгъэпэщауэ щытытпхъэщ абы зупщытын папщІэ. КьищынэмыщІауэ торакальнэ хирургыщІ, анестезиолог Іэзэ уиІэн хуейщ, - жеІэ онкоцентрым и унафэщІ, профессор Кит Олег.

Нахъапэми мыпхуэдэ операцэ щрагъэкІуэкІащ Ростов, ауэ абы щыгъуэ сымаджэм и тхьэмбылыр кърамыхуэ хъуакъым. Иджырей сымаджэм и тхьэмбылыр яхуэхъунымрэ дзэ комиссариатхэм я кІуэлыкъуэщІэхэмрэ дзэ кІуэлыкъум езыджэ комиссэхэм хэтхэмрэ хабзэр къыщызэпауд къэхъуамэ и унафэщ Харагезов Дмитрий.

Тхьэмбылыр операцэ щащІкІэ, гъэзэгъуэрэ зэрелэжьыкъ къыжэкІыу, зэм зыр ягъэувыІэри сымаджэр адрейкІэ мэбауэ. Мы зы гъэзэгу кьурмакъеймэ хэІэбэн хуэй щыхъум, тхьэмбылыр зэрыщыту къагъэувыІэри, анестезиологэр гугъу дехьу щІалэр ягъэбэуащ, къызэрымыкІуэ Іэмалхэмкіи сымаджэр ягъэжеин хуей хъуащ.

Арами, сыхьэти 4-кІэ екІуэкІа операцэр хъарыпІэу зэхэкІащ, щІалэр щІатхъыкІыжа-гъэхэщ, лышхыр абдеж къыщыувыІэн папщІи химиотерапие ящІыну къыпэщІыльщ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президентым и щІыхькІэ

● Спорт

Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент КІуэкІуэ Валерэ и фэеплъ къызэрагъэпэщри, Налшык къалэм дэт «Гладиатор» спорткомплексым иджыблагъэ ирагъэкІуэкІащ ММА-мкІэ, зэзауэ зыхэт спорт лІэужьыгъуэмкІэ урысейпсо зэпеуэ. Хабзэ хъуауэ илъэс къэс зэхашэ мы спорт зэлъщІэшхуэр мы гъэм епщыкІуэзанэу щытащ.

ХЭГЪЭРЕЙХЭМ нэмыщІ зэІущІэм зыкъорагъэхъэлІащ Мэзкуу къалэм, Шэшэн, Ингуш, Дагъыстэн, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм, Волгоград, Саратов, Ульяновск областхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм я зэуакІуэхэр, псори зэхэту 88-рэ, гупипщІу гуэщауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэм зэІущІэм медалибл къыщихьащ икІи гуп зэпеуэм етІуанэ щыхъущ. Мыбдежьым япэ увыпІэр щаубыдащ Шэшэным зыкІаІэхэм, ещанэр – Дагъыстэнырщ.

ЩІхьэзакъуэ зэпеуэхэм я хьэлъагъ елъытауэ щызауэ гупхэм ящІ щыхъущ СумаевИслъам (кг 57-рэ). ЕтІуанэ увыпІэр къахьащ Мэрзей Арсен (кг 61-рэ), Алий Іэдэм (кг 66-рэ), Хъалил Алан (кг 70) сымэ. Бырс Аскэр (кг 52-рэ), Мэшыкъуэ Зураб (кг 84-рэ), Шэджэм Мурат (кг 93-рэ) сымэ ещанэщ.

Зэхъэзэхэм зыкъыщыжаныкІаІэм Урысей Федерацэм спортымкІэ и мастер цІэ лъапІэхэр фащащ.

ТОМЭКЪУЭ Алыдж.

Жыжьэ нэсакъым

● Футбол

«Строитель» (Каменск-Шахтинск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:1 (2:1). Абрамовкэ къутыр. «Новоколор-Арена» стадион. Жэпуэгъуэм и 5-м. Цыхъ 288-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Клюев (Воронеж), Типикин, Наредько (ГІыри Краснодар щыщІ).

«Строитель»: Микитюк, Демагин, Скворцов, Антонец, Дрыгэ, Карпухин (Еремин, 80), Куканов (Бутовченкэ, 87), Беликов, Степаненкэ (Дьяков, 90+2), Демченкэ (Максимчук, 80), Пополитов (Ушаков, 87).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Велюкаев, Молэмусэ, Гъэзэгъэкъуэ, КІэдыкІуей, Блий (Къардэн, 62), Жангуразов (Шэрджэс, 70), Далиев Дени (ХьэцІыкІу, 62), Хьэшыр, Мэшыкъуэ, ЛІуп (Ашуев, 70).

Топхэр дагъэкІащ: ЛІупым, 14 (0:1). Демченкэ, 27 (1:1). Кукановым, 45+1 (2:1). Карпухиным, 48 (3:1).

Дагъуэ къыкуащІащ: Беликовым, Молэмусэм, Скворцовым.

ДЖЭГУГЪУИХ хъуауэ темыкІуэфа «Спартак-Налшыкым» тхьэмахуэ кІуам ЯлтэмкІа «Рубин»-р зэрыхигъэщІам гугъэфІэхэр къыдитат, ди командэр зыужьныгъэм и гъэгъуэм теуваУэ дыщІигъэхъэгъу. Аршхэкэ, махуэ зыбжанэ дэкІри, ахэр къызэтещэщэжащ - езыхэмэ хуэдэу курыт зэфІэкІ фІэкІа зэхьэзэхуэм къыщызымыгъэлъэгъуэф «Строитель»-м, куэдым здэщыІэр ямыщІэ Абрамовкэ къутырым, 3:1-уэ къыщыхигъэщІащ.

Абы щыгъэми, сыту дахэу щІидзат а зэпэщІам! «Спартак-Налшыкым» ебгъэрыкІуэныгъэ къыщыхьащІ ар ирегъэжьащ икІи, иужь джэгуГъуэхэм сыт щыгъуи къыхэжанэкІ ЛІуп Ислъам епщыкІупланэ дакъикъэм бжыгъэр къызэІуихащ.

Адэкіэ ехъулІэныгъэм зеГъэужьын хуейуэ арат. Арэпхэкіэ, дэнэт? 27-нэ дакъикъэм хэгъэрейхэм бжыгъэр зэхуэдэ ящІыжащ. Абы иужькІэ «Строитель»-р зэрыщІэкІ гуащІэжу ебгъэрыкІуэ хъуащ. Ар зыкъомрэ ди щІалэхэм зэтраІыгъэфащ, ауэ таймитІым я зэпылъпІэр яхузэгъэзэхуакъым. ЯпэщІыкІэ, загъэпсэхуну щІкІ дыдэм Къэрбэ-ныр яІащІэкІащ. КъыкІэлъыкІуэу, джэгум и етІуанэ Іыхьэм зэрыщІадзэжу, ещанэ топри я гъуэм дзпъэтащ.

Бжыгъэр 3:1 зэрыхъуам къыбгуригъаІуэрт, бэнэныгъэ щІагъуэ адэкІэ зэрыщымыІэжьынур. Джэгур зэрекІуэкІ щІыкІэр ягъэзэкІуэжьын мурад быдэ яІэу губгъуэм къижьэжа «Спартак-Налшыкым», апхуэдизу псынщІэу къыхудагъэкІа топым, и лъэр щІигъэхупащ. Зэман кІэщІым къырибдэу футболистхэм я Іыхьэ пІанэр ихьэжакми, нэгъуэщІ гуэркэр зэблигъэувыкІами ди командэм и тренерхэм зыри кьайхъулІакъым икІи бжыгъэм зрагъэхъуэжыфакъым. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, езыхэми кьадэщІхэми дэрэжэгъуэ лъэпкъ ирамыгъэфауэ кьагъэхъэжащ.

«Спартак-Налшыкыр» кІыкІэрыхуэм нэхъ ягъэГъэнэгъуми, дэ нэхъ дызыкІэлъыпІлъыр турнир таблицэм щІапашэхэращ. Ахэр икъуКІэ иджыпсту зоныкъуэкъу икІи Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Ягъ гупым мы гъэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэр и кІэм нэблагъэхуэкІэ ар нэхъ удэзыхьэкъыж ящІ. Апхуэдэу ди лъэхъэгу Шакъ Ашэмэз зи тренер нэхъыщхьэ икІи адыгэ щІалэ гуп зыхэт Ставрополь и «Динамо»-р Астрахань щыІэу хэгъэрейжэм 2:0-у ефІэкІащ икІи зэпеуэм бжьыпэр зэрыщІыбгъащ.

Ставрополдэсхэм зыкІи закъыкІэримыдэхуну хущІокъур, очко яфІэкІэдахэр кьэгъныгъэмэ, бжьыпэр зыІыгъ Таганрог и «Форте»-м. Кьаруушхуэ дыдэ тримыгъэкІуадэу зэхуэдэ ящІыжащ. Абы иужькІэ «Строитель»-р зэрыщымыІэжьынур. Ар зыкъомрэ ди щІалэхэм зэтраІыгъэфащ, ауэ таймитІым я зэпылъпІэр яхузэгъэзэхуакъым. ЯгъэщІыкІэ, загъэпсэхуну щІкІ дыдэм Къэрбэныр яІащІэкІащ. КъыкІэлъыкІуэу, джэгум и етІуанэ Іыхьэм зэрыщІадзэжу, ещанэ топри я гъуэм дзпъэтащ.

Бжыгъэр 3:1 зэрыхъуам къыбгуригъаІуэрт, бэнэныгъэ щІагъуэ адэкІэ зэрыщымыІэжьынур. Джэгур зэрекІуэкІ щІыкІэр ягъэзэкІуэжьын мурад быдэ яІэу губгъуэм къижьэжа «Спартак-Налшыкым», апхуэдизу псынщІэу къыхудагъэкІа топым, и лъэр щІигъэхупащ. Зэман кІэщІым къырибдэу футболистхэм я Іыхьэ пІанэр ихьэжакми, нэгъуэщІ гуэркэр зэблигъэувыкІами ди командэм и тренерхэм зыри кьайхъулІакъым икІи бжыгъэм зрагъэхъуэжыфакъым. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, езыхэми кьадэщІхэми дэрэжэгъуэ лъэпкъ ирамыгъэфауэ кьагъэхъэжащ.

«Спартак-Налшыкыр» кІыкІэрыхуэм нэхъ ягъэГъэнэгъуми, дэ нэхъ дызыкІэлъыпІлъыр турнир таблицэм щІапашэхэращ. Ахэр икъуКІэ иджыпсту зоныкъуэкъу икІи Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Ягъ гупым мы гъэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэр и кІэм нэблагъэхуэкІэ ар нэхъ удэзыхьэкъыж ящІ. Апхуэдэу ди лъэхъэгу Шакъ Ашэмэз зи тренер нэхъыщхьэ икІи адыгэ щІалэ гуп зыхэт Ставрополь и «Динамо»-р Астрахань щыІэу хэгъэрейжэм 2:0-у ефІэкІащ икІи зэпеуэм бжьыпэр зэрыщІыбгъащ.

Ставрополдэсхэм зыкІи закъыкІэримыдэхуну хущІокъур, очко яфІэкІэдахэр кьэгъныгъэмэ, бжьыпэр зыІыгъ Таганрог и «Форте»-м. Кьаруушхуэ дыдэ тримыгъэкІуадэу абы хигъэщІащ Прогрессым кІыкІа «Биолог-Новокубанск»-р. Таганрогдэсхэр кьыкІэлъыкІуэу джэгуГъуэм Налшык къэкІуэнущ икІи, хэт ищІэн, ахэр ягъэльэпэрапэу «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр ягъэдгъэфынкІи хъунущ я лъахэгъу-ныбжьэгъу зыбжанэ щызэхуэса Ставрополь и «Динамо»-м.

Хуабжу зэщъхьэщокІ мы гъэм етІуанэ лигэм ЯкъыхьэкІагъащІэ Черкесск и «Нарт»-м и зыкъэгъэльэгъуклэр. Зэм, Мейкьуапэ щыІэу, щІыпІэ «Дружба»-м токІуэ, кьыкІэлъыкІуэм, я стадионым къэкІуэжауэ, Нэзрэн къикІа «Ангушт»-м бжыгъэшхуэкІэ кьыхегъащІэ. Мис иджы, Владикавказ кІуауэ, абы и «Алания-2»-р 5:0-у текІуащ. Адэкіэ зэрыкъунур хэт ищІэн?!

Мейкьуапэ и «Дружба»-ри апхуэдизщ. Ингушым щыІэу ари бжыгъэшхуэкІэ, 3:0-у, щІыпІэ командэм ефІэкІащ.

Тхъэмахуэ ипэкІэ Налшык щыхагъэщІа «Рубин»-м, Кьрымым игъэзэжри, пашэхэм я хьэрхуэрэгъу нэхьащІхьэхэм ящІщ Мэхъэчкъалэ и «Легион»-р хигъэщІащ. Абы ялтэдэсхэм кьахуищІэшхуэ щІэжьыкІым турнир таблицэм щаубыдыну увыпІэм папщІэ, ауэ Дагъыстэным икІаэр бжьыпэм хигъэкІыжьыфынущ.

Иджы щыгъуазэ фыхудощІ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Ягъ гупым я махуэм щекІуэкІа адрей зэІущІэхэм: «**Астрахань**» (Астрахань) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **0:2**, «**Динамо-2**» (Мэхъачкъалэ) - «**Севастополь**» (Севастополь) - **0:2**, «**Форте**» (Таганрог) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **3:1**, «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Дружба**» (Мейкьуапэ) - **0:3**, «**Рубин**» (Ялтэ) - «**Легион**» (Мэхъачкъалэ) - **3:0**, «**Алания-2**» (Владикавказ) - «**Нарт**» (Черкесск) - **0:5**, «**Ростов-2**» (Дон Іус Ростов) - «**Победа**» (Хасавюрт) - **3:2**.

Жэпуэгъуэм и 19-м кьыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэр зэхэтыну. А махуэм «Спартак-Налшыкым» къригъэблагъэнущ Таганрог и «Форте»-р.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Ягъ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІар

Командэхэр	Дж.	Къ.	Л.	ФІ.	Т.	О.
1. «Динамо-Ставрополь»	28	16	9	3	47-24	57
2. «Форте»	27	17	5	5	56-26	56
3. «Легион»	27	16	4	7	49-22	52
4. «Рубин»	28	16	4	8	40-25	52
5. «Ростов-2»	27	16	2	8	51-29	51
6. «Севастополь»	26	14	7	5	39-20	49
7. «Астрахань»	26	12	4	10	31-30	40
8. «Строитель»	27	10	8	9	31-29	38
9. «Нарт»	27	11	5	10	36-38	38
10. «Ангушт»	28	7	14	11	21-21	35
11. «Дружба»	27	10	3	7	33-37	33
12. «Спартак-Налшык»	27	8	7	14	39-41	31
13. «Кубань Холдинг»	27	7	8	12	22-32	29
14. «Биолог-Новокубанск»	27	7	5	15	34-46	26
15. «Победа»	28	5	8	15	29-46	23
16. «Алания-2»	28	4	5	19	21-74	17
17. «Динамо-2»	27	3	5	19	15-54	14

ЩІалэгъуалэм я зэхьэшхуэ

Налшык щыІэ ЩІалэгъуалэм я унэм жэпуэгъуэм и 10-м къыщызэІуаха «Я молод. Село» зэхьэльэшхуэм зэхуишэсащ Кавказ Ищхъэрэ федераль ІыкІыпІэм и ІэпэгъуэмкІэ ис щІалэгъуэхэр зыщІэжьрэр. Іуэхур къызэрагъэпэщащ КъБР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствомрэ Къуажэдэс щІалэгъуалэм я урысейпсо зэгуэныгъэмрэ, федеральнэ агентствэр я дэІэпыкъуэгъуу.

- ЗЭХЫХЬЭР илъэс етІуанэ хуауэ идогъэкІуэкІ, иджыри абы къыпытщІэну, и программэм нэхъри зедгъэубгъуну ди мурадщ. Кьалэн нэхъыщхьэр республикэм и кьуажэхэм ущыпсэунущ тыншу щІыным теухуауэ зедгъэужьынырщ, щІалэгъуалэм я зэфІэкІ хэдгъэхъэныгъ, ахэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм мыІэпхъуэу щІалъхуа щІыналъэм къидгъэнэжьынырщ, - жиІащ КъБР-м щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министр Лу Азэмэт. - УФ-м и Президентым и жэрдэмкІэ къыхалъхьа лъапІэ Іуэхуэхэр щІыналъэхэм зэрыщагъэзащІэм и фІыгъэкІэ къуажэхэм зэрызэхащІэ, щІыпІэ сэун и лъэныкъуэкІэ нэхъ гуращ зэрыхъуар нэрылъагъуащ. КъБР-м и Іэтащхьэм и унафэкІэ, къуажэхэм программэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыщызыдогъэпщІ, щэнхабзэмкІэ унэхэр, сабий гъэсапІэхэр, курыт еджапІэхэр, щэнхабзэ зэгуэныгъэ центрхэр къызэрыІуахыжа щІалэхэр зэрагъэпэщыжьхэ. КІэщІу жиІэнмэ, иужьрей илъэсипщІым къуажэхэр яхъумэжьыным хэлъхьэныгъэфІэр хуащІ, жылагъуэ гъащІэм, мэкъумэш Іуэхуэхэм жыджэру зрагъэужь.

Зэхьэхьэм хэт щІалэгъуалэр зэрыщІыхуа нэужь, «Россельхозбанк» ОАО-м и лэжьакІуэхэм щІалэгъуалэр хагъэгъуэзащ къуажэдэсхэм яхуэгъэзащІ ягъэ программэ гъэщІэгъуэнхэм.

Зэраубзыхуам тету, щІалэгъуалэр махуитІым кьриубыдэу хагъэтащ егъэджэныгъэ Іуэхуэхэм, семинархэм, мастер-классхэм, КъБР-м и Правительством и лэжьакІуэхэм, Іэщ щагъэлІэхэм, агропромышленнэ Іуэхущ Іапі эхэм я унафэщІхэм я жьІэ щІагъэдэІуащ.

Зэхьэхьэр зи жэрдэмхэм я мурадщ къуажэдэс щІалэгъуалэм я зэфІэкІхэр кьагъэзэІуэныжькІэ яхуэщхьэпэну, кьуажэхэм зегъэужьыным ехьэлІа проектхэр зэрыхьэзырыныкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуну.

КИФЩІ-м и хэгъэгухэм щыщ цыху 70-м щІигъу зэІущІэм хэтащ, НКО-м и унафэщІхэр, щІалэгъуалэ зэгуэныгъэхэр, егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапі эхэм я лІыкІуэхэр кьыдэщІыбгъуэу.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖЬэКІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ ІэпыджэЗамирэ, Чэрим Мариан-нэ, ЩхьэщэмыщІ Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ - 42-22-86; къуажэ щІэщІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Іэнатіэхэм ядэлажьэныкІэ - 42-60-53; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ятхащ

ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.466
Заказыр №2213

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщагъэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управлензм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня**, *корректорхэр* **Пхытіыкі Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ.**

КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елажьар **Къарей Элинэ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтіыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.